



BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

Edikasyon sikososyal

Modil

1

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Pran konsyans de tèt mwen.....	4
Sesyon 2 : Estim pou tèt mwen.....	8
Sesyon 3 : M ap aprann kominike.....	11
Sesyon 4 : M ap aprann kominike avèk asirans.....	13
Sesyon 5 : Jere strès, kòlè ak konfli.....	17
Sesyon 6 : Pran desizyon: Defi, chwa ak konsekans.....	20
Sesyon 6 : Fikse objektif – rive ladan yo tipa tipa.....	22


DE MO POU KOMANSE

Edikasyon sikososyal se zouti pou fòme moun epi ki chita sou de kalite faktè: faktè sikolojik tankou panse, konesans, valè ak konpòtman, faktè sosyal tankou anviwònman moun nan ap viv, prensip, kilti, relijyon, elatriye. Edikasyon sikososyal la pa janm bout, li kontinye pandan tout lavi yon moun. Pou l mache, fòk moun nan deside l. Lè sa a, li aji yon fason pou sa posib, li patisipe nan chak etap aprantisaj la.

Anpil fwa, sosyete a sèvi ak jan yon jèn travay lekòl di kiyès ki echwe oubyen kiyès ki reyisi. Moun sa yo, yo klase kòm moun ki pa reyisi yo genyen pwòp kapasite pa yo, men yo konn gen tandans konsidere tèt yo tankou moun ki pa vo anyen.

Edikasyon sikososyal la ankouraje nou wè kesyon reyisit yon lòt jan, yon reyisit tout moun ansanm. Li plis konsantre sou ede tout moun devlope epi mobilize kapasite yo ak konpetans yo pou yo avanse. Li bay chak moun posibilite pou li devlope kalite l ak konpetans li pandan l ap kenbe menm anvi pou l aprann nan. Edikasyon sikososyal la ede reyisi nan zafè lekòl men sitou reyisit yon moun kòm moun.

Jenn yo alawonnbadè, menm sa yo ki gentan pran kou nan lavi a, gen yon gwo kapasite pou yo aprann nouvo bagay epi chita sou sa yo aprann yo, pou bay lavi yon lòt direksyon. Menm lè edikasyon sikososyal la poko pran tout plas li ta dwe genyen an Ayiti, li rete youn nan mwayen ki pi efikas pou entegre jèn yo nan sosyete a paske nonsèlman li ede yo byen konnen tèt yo men tou, li prepare yo pou yo antre sou mache travay la



NAN FEN MODIL SA A,
MWEN DWE AN MEZI
POU M :

- | | |
|---|--------------------------------|
| 1 Konnen tèt mwen pi byen, | 3 kominike avèk asirans |
| 2 Kwè nan tèt mwen epi genyen estim pou tèt mwen, | 4 Devlope relasyon ak lòt moun |
| 3 Rezoud pwoblèm epi pran desizyon, | 5 Jere strès ak emosyon |

Pran konsyans de tèt mwen



MWEN RELE MARIZ,
MWEN GEN 19 AN,
PARAN M AP FÈ ANPIL EFÒ
AVÈ M POU M
VIN YON MOUN
ENPÒTAN NAN SOSYETE A
M AP TRAVAY DI
POU SA.



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Moun konnen moun sou baz plizyè bagay. Pa egzanp, lè yo mande yon moun kiyès li ye, li ka reponn: Mwen rele Mari ... Mwen se yon ayisyèn... Mwen se moun Okap... Mwen se yon enfimyè... Mwen se pitit Jozèf...Mwen se yon moun ki kare, ki pa rete ak moun... Mwen se yon bèl fanm... Mwen renmen mizik...elatriye.

Pran konsyans de tèt mwen



Li pa fasil pou mwen rive konnen pwòp tèt mwen. Annik bay non mwen pa ka di kiyès mwen ye.

Sa mwen ye sa vle di idantite m', se tout sa ki pwòp a mwen menm ki fè mwen sa mwen ye, yon moun ki diferan de tout lòt moun. Nan sa ki idantifye mwen, mwen ka site: kote mwen moun, nan ki fanmi mwen soti, sa mwen renmen, nan ki sa mwen kwè, rèv mwen, souvni mwen, feblès mwen, elatriye. Sa mwen ye tou se: konviksyon mwen, sa mwen kwè ladan, sa mwen swete pou demen, sa mwen regrèt, sa mwen sonje.



Pran konsyans de tèt mwen se: konnen kiyès mwen ye; konprann tèt mwen; se konnen tou sa nou gen kòm kapasite lakay nou; sa nou genyen lòt moun genyen l tou (kalite, defo,...); sa ki fè nou menm ak lòt yo pa menm.

Pran konsyans de tèt mwen se gen konfyans nan tèt mwen, respekte tèt mwen epi idantifye sa ki valè mwen yo. Valè mwen yo se: bagay ki enpòtan pou mwen, bagay mwen kanpe dèyè yo oubyen mwen kont yo (pa ekzanp fè bagay anvan maryaj oubyen dwa fi yo genyen pou yo jwenn ledikasyon), bagay mwen chwazi san yo pa fòse mwen,

kwayans, prensip oubyen lide ki enpòtan pou mwen epi ki ede mwen defini kiyès mwen ye, bagay ki gide konpòtman nou ak lavi nou. Plis nou konprann tèt nou, se plis nou aksepte tèt nou.

Valè m mache ak konpòtman m, mwen pale ak lòt moun de valè ki enpòtan pou mwen, mwen fè sa valè mwen mande m' pou m' fè oubyen pa fè, mwen pran desizyon ki chita sou valè m' yo, mwen ap goumen pou valè m' yo, mwen santi m koupab si mwen pa konpòte mwen jan valè m yo mande m pou mwen fè.

Pran konsyans de tèt mwen

Egzèsis

M ap koche 10 valè ki enpòtan pou mwen

☐ Endepandans. Ki pa depann de yon lòt moun	☐ Otonomi. Posiblite pou m dispoze jan mwenvle de tèt mwen.	☐ Egalite. Fi avèk gason egal ego nan dwa.
☐ Planifikasyon. Kapab òganize a pati de yon plan ki te detèmine.	☐ Amoni. Antant ki genyen ant 2 ou plizyè moun.	☐ Kominikasyon Fason w' fè yon mesaj pase.
☐ Edike. Aprann sa w pat konnen pou ajì pi byen.	☐ Jistis. Se bay chak moun sa ki pou yo, sa ki dwe pou yo.	☐ Padon. Pa kenbe yon moun sou kè lè l' fè w' yon bagay.
☐ Lwayote. Devouman pou yon bagay oubyen yon moun.	☐ Otantisite. Kalite yon bagay ke orijin li pa konteste (dout)	☐ Responsablite - Yon gason ki genyen yon timoun dwe pran responsablite li
☐ Lidèchip. Pozisyon dominan	☐ Sante. manje manje ki sen. pa fimen. Pa pran dwòg.	☐ Anpati. Aprann mete w' nan plas lòt moun
☐ Akonplisman. Yon bagay moun ka reyalize ak konpetans epi kalite l' (fi tankou gason).	☐ Libete. Kapasite w' pou ajì san ou pa sou lòd moun	☐ Fanmi. Se baz tout sosyete Gratitud. rekonesans
☐ Nati. Tout sa ki fè linivè.	☐ Patenarya. Se fè ansanm yon bagay.	☐ Ekselans. Se rive nan pi wo nivo a. Enèji. Fòs ki pou fè w' vanse.
☐ Bote. Kapasite w' genyen pou atire moun.	☐ Orijinalite. Pa kopye tout sa ou wè, aprann fè pa w'	☐ Rezilyians. Fòs ou genyen pou leve chak fwaou pran yon kou nan lavi a.
☐ Konpetisyon. Chak moun ap jwe pou yo genyen san yo pa nwi lòt.	☐ Kesyonman. Ansanm kesyon y ap poze sou yon pwoblèm.	☐ Metriz. Gen kontwòl tèt ou
☐ Onètete. Kapasite pou fè afè dwat.	☐ Kolaborasyon. Travay ansanm.	☐ Chwa. Pran youn pami plizyè pòblite ki prezante.

Pran konsyans de tèt mwen

☐ Fleksiblite. Ou fasil pou adapte a .nouvo sitiyasyon yo	☐ Kontwòl. Mezire tout sa w'ap fè.	☐ Metriz. Gen kontwòl tèt ou
☐ Amizman. Sa ki ka fè pase yon bon moman ak kè kontan.	☐ Ankourajman. Sa ki pou ba w' anvi pou rive pi lwen	☐ Chwa. Pran youn pami plizyè pòblite ki prezante.
☐ Pwodiktivite. Kapasite w'genyen pou pwodwi.		

Egzèsis

Ki pi gran bagay mwen fè jiska jodi a?

Yon moman nan vi m' kote mwen te santi mwen byen?

(M'ap reflechi ak yon sitiyasyon kote mwen konn pa kapab di non).


Kiyès ki konn fòse mwen fè bagay mwen pa vle?

Ki kalite menas yo konn fè m'?

Ki konsekans sa te kapab genyen si mwen te di non nan sikonstans sa yo?

Kiyès ki pote èd pou mwen lè mwen pa kapab di non?

Estim pou tèt mwen



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Estim pou tèt mwen se konnen epi aksepte kalite m'ak limit mwen. Estim pou tèt mwen ede mwen wè kijan pou mwen viv makònen ak valè m'. Estim pou tèt mwen ogmante lè aksyon mwen, konpòtman mwen pa depaman ak valè mwen yo, li bese chak fwa aksyon mwen, konpòtman mwen pa ale nan menm sans ak valè mwen. Gen moman nan lavi mwen, mwen ka gen anpil estim pou tèt mwen. Gen lòt lè tou, mwen ka pa apresye tèt mwen. Estim pou tèt mwen enpòtan paske fason moun santi yo, jan yo ye ak tèt yo, gen enfluyans sou sa yo akonpli nan lavi a.

Estim pou tèt mwen


Moun ki gen estim pou tèt li pa pè fè pwojè pou demen epi fè tout sa l kapab pou reyalize yo. Moun sa a toujou konnen li ka rive pi lwen pase kote li te gen objektif pou l rive a. Li kwè nan tèt li ak nan pwòp kapasite l. Li respekte tèt li epi li pa aksepte moun manke li dega. Gen gwo estim pou tèt ou diferan ak fyète, djòlè, pa gen defo oubyen pi bon pase lòt moun.

moun kipa gen estim pou tèt li difisil pou pran yon desizyon, li gen difikilte pou li twoke pawòl ak lòt moun oubyen rankontre nouvo moun paske li pè pou moun pa mete li sou kote ; rabese li. Moun sila

a pa ka kanpe defann dwa li. Li manke konfyans nan tèt li. Li difisil pou yo aksepte lòt moun renmen li. Li panse li "ensiyifyan" epi se moun ki menm jan ak li l'ap atire.

Pou fini, estim mwen genyen pou tèt mwen ap pèmèt mwen fikse objektif epi riv ladan yo. Mwen ap kapab aksepte erè m fè epi kontinye avanse, mwen kwè mwen ka reyisi, aksepte defi epi eseye nouvo

aktivite, alèz ak lòt moun, devlope bon jan relasyon ak lòt moun, pran desizyon fè chwa sou baz sa mwen menm mwen vle men pa sou sa lòt moun vle oubyen valè lòt moun. Mwen evite moun kap dekouraje m', oubyen ki pa kapab apresye kapasite m.

**SA NOU DWE SONJE:**

Aksepte tèt nou jan nou ye a. Jodi a nou fè tout sa nou te kapab, demen n'ap fè pi byen toujou.

Trete tèt nou avèk lanmou ak dousè.

Mond lan di nou kiyès nou ye prèske depi lè nou fenk fèt. Li enpòtan pou nou rete nou menm epi pou nou fyè de moun nou ye a.

Lè nou santi nou byen nan po nou, tan nou ap pase avèk lòt moun vin bay plis satisfaksyon.

Lè nou pataje vi nou ak lòt moun, sa ap ede nou santi nou pi byen nan nou menm.

 Estim pou tèt mwen

Egzèsis

- Ki pi gran bagay ou fè jiska jodi a ?

- Yon moman nan vi w kote ou te santi ou byen


- Di twa bagay ou bon ladan l'?

- Kisa ou ta renmen amelyore nan ou menm ?

- Si ou ta gen pou ou mouri jodi a kisa ou ta renmen yo sonje de ou ?

- Kisa zanmi, fanmi ou yo renmen plis lakay ou ?

M ap aprann kominike

**SA NOU DWE SONJE:**

Kominikasyon se tout sa ki pèmèt yon moun, oubyen yon gwoup moun, bay epi resevwa enfòmasyon pandan y ap sèvi avèk pawòl, aksyon, jès, siy. Mwen kominike pou m' pataje konesans ak eksperyans mwen, fè pase mesaj, di sa m' santi ak sa m' panse, twoke pawòl. Kominike ak pawòl (vèbal) se lè mwen ap pale, lòt moun ap tande epi yap reyaji sou sa m' di a. Ton vwa m', jès m' ap fè ak figi m' (sourire, monte sousi...), direksyon map gade, fason m' pote kò m' (chita, kanpe, fè lèsanpa, panche devan, panche dèyè oubyen gade dèyè) se kèk fason mwen fè pase mesaj san mwen pa pale. Sa vle di jès mwen fè ka ranfòse, febli oubyen detounen sans sa mwen di.

M ap aprann kominike

Fason m kominike ka fè m genyen pwoblèm ak lòt moun. Yon mesaj mwen pa rive bay byen ka lakoz malantandi, konfizyon, eskonbrit, mekontantman, resantiman epi strès. Mesaj la ka pa rive pase byen lè : mwen kenbe kò nan twò lontan lè m'ap pale, lè mwen pale twò dousman, lè yo kanpe mwen pandan m'ap pale twò souvan, lè gen bri oubyen lòt bagay ki distrè moun k'ap koute m yo.

Pou kominikasyon an byen pase fòk mwen konnen mesaj la byen, fòk mwen konnen kòman pou m bay li pou tout moun rive konprann li. Moun map bay mesaj la bezwen pa sèlman tande mwen men koute m'. Koute se yon konpetans ke moun rive genyen oubyen amelyore avèk pratik.

Gen teknik pou moun aprann byen koute tankou: tande avèk atansyon, pa entèwonp moun k ap pale a, reyaji annaprè, swiv byen tou aksyon ak jès moun nan ap fè pandan l'ap pale a.

Egzèsis

Kisa kominikasyon vle di pou nou ?

Konbyen kalite kominikasyon ki genyen ?

Kisa nou dwe fè pou nou gen yon bon kominikasyon ?

M ap aprann kominike avèk asirans



MWEN SE YON JÈN FI RESPONSAB E DETÈMINE
MWEN VLE ITIL TET MWEN, FANMI M
AK KOMINOTE M.

MWEN PA MANDE PLIS KE JWENN
CHANS MWEN NAN TRAVAY OU A
POU M KA MONTRE KONESANS MWEN.



SA NOU DWE SONJE:

Kominike avèk asirans se rive fè konprann yon fason ki klè dirèk epi apwopriye sa m panse, sa m santi, bezwen m. Kominike avèk asirans se kapasite pou m' fè pase mesaj ki ka parèt difisil san mwen pa twò mou ni twò agresif.

Pou rive kominike avèk asirans gen kèk atitid ak konpòtman mwen bezwen kouri dèyè yo tankou : panse lòt moun pi enpòtan pase mwen menm. Mwen bezwen pran abitud sa yo :

Di « mwen » lè m'ap pale. Sa ap edem poum di sa mwen bezwen, sa m' ta renmen yon fason ki klè pou tout moun.

Di sa m' santi, kouman m' santi m' paske moun pa ka li nan panse m'. Sa ap ede moun ki bò kote m' konnen kijan yo ka ede m'

Di sa m' konprann. Lè m' fè sa moun p'ap mal entèprete sa m' di oubyen fè.

M ap aprann kominike avèk asirans

Gen kèk sitiyasyon kote li difisil pou yon moun kominike avèk asirans, tankou: di non pou yon bagay mande èd ; di sa m' santi ki byen oubyen pa byen de yon moun oubyen yon evènman; M ap toujou sonje :

- ✓ Mwen pa kapab toujou aksepte fè sa yo mande m' fòk pafwa mwen pwoteje dwa m' ak enterè m' ;
- ✓ Tout moun konn bezwen èd detanzantan, genyen anpil avantaj lè pafwa ou mande èd;
- ✓ Tout moun renmen lè yo di bagay ki byen sou yo, lè yo fè yo konpliman ;
- ✓ Fache, pike yon kolè se emosyon nòmal ke yon moun ka genyen pafwa.



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

Pou rive kominike avèk asirans gen kèk atitud ak konpòtman ou bezwen kouri dèyè yo tankou :

- ✓ Panse lòt moun pi enpòtan pase ou menm. Ou bezwen pran abitud sa yo :
- Di « mwen » lè w ap pale. Sa ap ede ou di bezwen w, sa ou ta renmen yon fason ki klè pou tout moun.
- ✓ Di sa w santi, kouman ou santi w paske moun pa ka li nan panse w. Sa ap ede moun ki bò kote w konnen kijan yo ka ede w.
- ✓ Di sa w konprann. Lè ou fè sa, moun p ap mal entèprete sa w di oubyen fè

M ap aprann kominike avèk asirans

M AP APRANN KONN TÈT MWEN

M ap chèche dekouvri kijan pou mwen pale pou tèt mwen. Pou chak fraz sa yo m'ap mete souvan(S), pafwa(P), jamè (J)

Lis fraz yo	S	P	J
Mwen kapab eksprime santiman m'yo onètman.			
Mwen kite lòt moun konnen lè yo desevwa oubyen blese santiman m'.			
Lè mwen pa dakò ak yon zanmi, mwen di li sa menm si sa kapab fè li pa renmen m'ankò.			
Lè mwen di sa mwen santi, se pou mwen pa blese lòt moun.			
Mwen toujou eksprime pwendvi m' (opinyon m') sou bagay ki enpòtan menm si lòt moun pa dakò			
Mwen eseye rezoud pwoblèm, mwen pa rete ap plenyen sèlman.			
Mwen respekte dwa lòt moun pandan m'ap kanpe dèyè pa m'yo.			
Mwen mande zanmi mwen yo sèvis lè mwen bezwen.			
Mwen pran responsablite pwòp santiman m'olye mwen blame lòt moun.			
Lè mwen pa dakò avèk yon lòt moun, mwen pa itilize vyolans fizik oubyen vèbal.			
Mwen kapab admèt lè mwen an kòlè.			
Mwen kapab di non san mwen pa santi mwen koupab ni eskize m'.			
Mwen pa fè bagay ki riske avèk zanmi m'yo.			
Lè mwen pa konprann sa yon moun ap di, mwen poze kesyon.			

M ap aprann kominike avèk asirans



SA MWEN DWE KONNEN

Nou pa kapab toujou aksepte fè sa yo mande nou, fòk pafwa nou pwoteje dwa nou ak enterè nou.

Nou tout konn bezwen èd tanzantan, genyen anpil avantaj lè pafwa ou mande èd.

Tout moun renmen lè yo di bagay ki byen sou yo, lè yo fè yo konpliman.

Fache, pike yon kolè se emosyon nòmal yon moun ka genyen pafwa.

Egzèsis

M'ap reflechi ak kèk sitiyasyon kote mwen konn pa kapab di non.

Kiyès ki fòse mwen fè bagay mwen pa vle?

Ki kalite menas ak Sediksyon moun fè m'?

Ki konsekans ki genyen pou di non nan sikonstans sa yo?

Kiyès ki pote èd pou mwen lè m' pa kapab di non?

Sa mwen dwe sonje :

Pou ou rive kominike avèk asirans fòk ou kapab apresye tèt ou paske sa w panse s ou ou se yon bagay enpòtan anpil pou rive gen asirans nan tèt ou. Lè ou gen asirans nan tèt ou, ou bay tèt ou valè, ou montre ou enpòtan, ou respekte tèt ou, ou konnen sa ou renmen, sa ou konn fè, santiman ou ak bezwen w. Lè ou gen asirans nan tèt ou, ou rive di tou sa ou santi, di kòman ou vle yo trete ou, aksepte yo ede w san ou pa santi ou koupab, aksepte ou ka fè erè, di non lè ou pa dakò.

Jere strès, kòlè ak konfli

**SA NOU DWE KONNEN:**

Estrès la se yon reyaksyon biyolojik ak sikolojik tout kò ou ak lespri ou genyen devan kèlkeswa nouvo sitiyasyon, kit li pozitif, kit li negatif. Estrès gen yon jan li aji sou nou chak, epi chak moun pa reyaji menm jan nan difikilte.

Souvan se pa yon evènman ki pwodwi estrès la, se fason nou reyaji a ki bay li. Yon bagay ka bay yon moun plezi poutan li estrese yon lòt. Lè yon moun toujou estrese sa diminye estim pou tèt li, rannman nan lekòl li, sa fè l akize tèt li epi gen dout sou tèt li. Yo divize siy ki montre estrès yo an kat (4) kategori: panse, santiman, konpòtman ak sentòm fizik.

Pou w diminye estrès la lakay ou fò ou jwenn estrateji ki pou ede ou tankou respire fò, pale sou sa ak lòt moun, pataje santiman w yo, kreye yon kote nan tèt ou ou ka santi w byen, fè atansyon ak kò w, fè mouvman ak kò w, pran swen kò w, elatriye.

Jere strès, kòlè ak konfli

Kolè a se yon senp emosyon ki tradwi ensatisfaksyon. Se yon emosyon natirèl, nòmal ki ka soti nan yon ti kontraryete pou rive nan yon raj ekstrèm. Se yon emosyon nou viv prèske toutan. Se jan moun viv kolè a pafwa ki mennen pwoblèm yo. Pou w jere kolè a fòk ou diminye an menm tan santiman emosyonèl ou epi reyaksyon fizik ke kolè a mennen.. Gen plizyè bagay ki ka ede nou rezoud konfli tankou:

- ✓ Reponn san ou pa reyaji
- ✓ Tande byen san ou pa entèwonp moun k ap pale a.
- ✓ Poze kesyon, tann epi koute repons yo.
- ✓ Toujou prè pou fè chanjman, elatrye.
- ✓ konnen panse lòt moun nan epi santiman l
- ✓ Respekte moun pou moun ka respekte w
- ✓ Trete moun jan ou ta renmen yo trete w si ou nan sitiyasyon sa;



Jere strès, kòlè ak konfli



SA MWEN DWE KONNEN SOU KIJAN M POU JERE ESTRÈS

M'ap pran yon bon enspirasyon...M'ap pale de sa...
 M'ap pran yon ti vakans..... M'ap veye sou konfò fizik mwen
 Bouje...M'ap pran swen kò m'...M'ap ri.
 M'ap jere tan mwen.....Mwen konnen limit mwen
 Eske mwen oblije toujou gen rezon

Egzèsis



Kesyon pou m' poze tèt mwen
 Eske m' kapab esprime m' diferan kounye a
 pa rapò a epòk mwen te konn fè fas a kèk konfli
 konsa?

.....


.....

.....

.....



Pran desizyon: Defi, chwa ak konsekans



SA POU NOU KONNEN

Desizyon se yon chwa moun fè ant de oubyen plizyè posiblite ki prezante. Tout moun pran desizyon chak jou: manje n ap fè, rad n ap mete, soulye n ap achte, jan n ap penyen. Nou pran desizyon sa yo san nou pa rann nou kont. Pafwa nou konn pran san n lè n ap pran yo, konsa tou, nou konn pran yo trè rapid. Men plis n ap vanse nan lavi a se plis n ap genyen pou nou pran kèk gwo desizyon ki pral make tout rèz vi nou. Desizyon tankou gen yon timoun, al viv nan yon lòt vil, lwe kay pa nou, al viv ak mennaj nou, pi difisil pou pran. Chwa sa yo ap pote gwo chanjman nan lavi moun nan. Souvan, nou pè pran gwo desizyon sa yo paske nou pa vle pran risk, nou pè pou nou pa twonpe n, nou pè pou n pa pèdi plis pase sa nou genyen deja. Sitiyasyon sa yo ka rann nou estrese, malalèz, pa satisfè. Youn nan pati ki pi enpòtan nan pran desizyon se anticipe oubyen panse davans ak sa ki ka riv Kijan pou nou rive pran bon desizyon?

Youn nan pati ki pi enpòtan nan pran desizyon se antisipe oubyen panse davans ak sa ki ka rive aprè. Se sa yo rele prevwa rezilta oswa konprann konsekans chwa yo.



Pran desizyon: Defi, chwa ak konsekans

Egzèsis :

Fè flèch soti nan kalite desizyon ki mache ak sitiyasyon sa yo.

1) Desizyon aktif yo,

2) Desizyon pasif yo,

3) Desizyon moun pran toulejou

4) Gwo desizyon yo:

- Moun pou m' chwazi pou zanmi
- Chwa rad m'ap mete
- Moun pou m' chwazi kòm mennaj
- Si pou mwen gen rapò seksyèl
- Chwa manje pou mwen fè
- Sa pou mwen chwazi kòm karyè mwen oubyen pwofesyon.
- Lè pou mwen marye
- Jan m'ap penyen
- Lè pou mwen fè pitit



SA MWEN DWE SONJE

Youn nan pati ki pi enpòtan nan pran desizyon se antisipe oubyen panse davans ak sa ki ka rive aprè. Se sa yo rele prevwa rezilta oswa konprann +- konsekans chwa yo. Kidonk sa a se yon kle pou pran bon jan desizyon. Genyen kèk etap ki enpòtan pou moun pran bon desizyon tankou : Eksplike pwoblèm nan, sitiyasyon an oubyen rezon ki fè ou dwe pran desizyon an.

Fikse objektif – rive ladan yo tipa tipa



Yon objektif se yon rezilta mwen vle jwenn, se kapab yon pwojè mwen vle reyalize, yon kote mwen vle ale oubyen yon bagay mwen vle genyen. Pou m'fikse yon objektif, nou dwe ranmase enfòmasyon k'ap ede m'fè bon jan chwa. Mwen dwe aprann plis bagay sou sa nou vle reyalize a. Lè mwen bay tèt mwen kèk objektif, fò m'asire m'ke yo reponn ak 5 egzijans sa yo :

Klè. Sa vle di objektif la fasil pou konprann, li eksplike ekzakteman sitiyasyon an ak rezilta mwen vle jwenn nan.

Kapab mezire. Sa vle di pou mezire pwogrè m'yo depi anvan m'fikse rezilta mwen vle jwenn nan chak etap. Lè m'fè sa, sa fè m'toujou sonje kote nou vle rive a epi kontinye fè efò pou m'rive ladan l.

Reyalizab. Sa vle di se yon objektif mwen ka rive toutbon ladan l', mwenn konnen mwen genyen oubyen m'ka rive jwenn tout sa (devlope atitud, ladrès, konpetans, kapasite) ki nesesè pou reyalize objektif sa.



Fikse objektif – rive ladan yo tipa tipa

Reyalis. Pou yon objektif reyalis, mwen dwe gen kapasite ak mwayen pou m' mennen l' nan bout li.

Genyen yon dire. Sa vle di: objektif yo dwe genyen yon dat pou yo kòmanse, yon dat pou yo fini. Kidonk fikse yon dire pou yo reyalize.

Li enpòtan pou m' fikse objektif lè m' gen yon pwojè paske se sa ki pou motive m', ban mwen enèji, fè m' gen konfyans nan tèt m'. Kidonk se yon gwo pa pou mwen rive reyisi l'. Mwen kapab genyen objektif a kou tèm, sa vle di objektif ki ka fèt nan yon tan ki kout epi objektif a lon tèm se sa m ap pran plis tan pou m' rive ladan yo.

Egzèsis 1:

M'ap ekri objektif mwen ta renmen rive ladan yo nan dat sa yo.

6 mwa

1 lane

3 lane

BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

**Angajman
sitwayen
ak lidèchip**

Modil

2

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Yon entwodiksyon sou sitwayènte ak kominote.....	4
Sesyon 2 : Dwa ak responsbilite.....	7
Sesyon 3 : Entwodiksyon sou dwa moun.....	10
Sesyon 4 : Analize kominote mwen an.....	13
Sesyon 5 : Vin yon ajan chanjman nan kominote mwen.....	15
Sesyon 6 : Vin yon lidè.....	17

DE MO POU KOMANSE

Nap viv nan yon sosyete kote chak moun gen dwa ak devwa pou yo respekte, se sa k ap pèmèt nou viv byen youn ak lòt. Modil sa a ki sou "angajman sitwayen ak lidèchip" la pral pale sitou de:

- ✓ Obligasyon sitwayen yo genyen anvwè Leta ak kominote yo.
- ✓ Dwa ak devwa yon sitwayen.
- ✓ Koman w ka viv tankou yon sitwayen?
- ✓ Responsablite yon sitwayen.

Modil sa pale tou sou fason yon sitwayen jwe wòl li nan kominote a. Sitou la nan kote y ap pran yon seri de desizyon enpòtan pou devlopman zòn nan.

Yon lòt objektif modil sa a, se fè patisipan yo pran konsyans ke yo ka rive nan objektif yo fikse yo. Ede yo konnen kalite yo bezwen devlope, konesans yo bezwen ak konpòtman yo dwe genyen pou yo ka rive.



Yon entwodiksyon sou sitwayènte ak kominote



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Yo di sitwayènte oubyen sa ki fè yon moun sitwayen lè yo ap pale sou rapò ki ekziste ant yon moun ak yon Leta, oubyen plizyè Leta. Sitwayènte gen rapò ak dwa yon moun genyen pou li abite, travay epi patisipe nan lavi politik yon peyi.

Sitwayènte bay avantaj men tou li gen ladan li dwa ak responsablite. Dapre konstitisyon an, ayisyen yo gen devwa sivik sa yo : Respekte konstitisyon an ak senbòl (anblèm) nasyonal la, respekte lwa yo vote nan eleksyon yo san yo pa fòse yo (laj pou moun vote se 18 lane)

Peye taks, sèvi nan jiri lè gen jijman kriminèl. Defann peyi a si ta gen lagè, edike epi amelyore tèt yo. Respekte epi pwoteje anviwònman an, respekte avèk anpil swen lajan ak byen leta, respekte byen lòt moun, travay pou kenbe lapè, ede moun ki andanje, respekte dwa ak libète lòt moun.

Yon entwodiksyon sou sitwayènte ak kominote

Swa yo ap viv nan menm kondisyon, swa yo nan menm zòn, nan menm komun, nan menm depatman, ou nan menm peyi. Gwoup moun sa yo kapab gen menm sèks, menm laj oswa menm ras. Souvan yo ka gen menm pwoblèm, menm enterè epi menm valè.

Kominote se yon gwoup moun ki gen menm bagay ki soude yo. Yo gen menm objektif epi tout moun nan gwoup la antann yo, yo ap mete men ansanm pou rive atenn objektif yo bay tèt yo nan respè youn pou lòt.

Yo ka defini yon kominote dapre aspè ras ak kilti (relijyon, ras elatriye); dapre aspè demografik yo (laj, sèks, pwofesyon) ak aspè kominotè yo (rezo, asosyasyon, klèb...). Sa ki ka defini kominote a tou se enterè popilasyon an oubyen kèk lòt eleman jewografik sèlman (vil, katye...)



Yon entwodiksyon sou sitwayènte ak kominote

Egzèsis I

Fè yon kwa nan kolòn **V** si repons la Vre oswa **PV** si repons la *pa vre*

	V	PV
Kominote se rapò ki ekziste ant yon moun ak yon leta, oubyen ak plizyè leta.		
Sitwayènte bay avantaj men tou li gen ladan l' dwa ak responsablite		

M AP TESTE KONESANS MWEN

M ap chwazi repons ki bon yo.

Ki responsablite mwen kòm yon sitwayen ?	
a) Mwen dwe al vote an tout libète.	
b) Mwen dwe gen yon estati jiridik.	
c) Mwen dwe defann byenèt kominote mwen an.	
d) Mwen dwe defann byen pèsònèl mwen avan pa kominote m.	
e) Mwen pa gen okenn obligasyon anvè kominote a.	



SA MWEN DWE SONJE :

Lè yon moun se yon sitwayen sa siyifi li gen yon estati jiridik, dwa ak responsablite.

Dwa ak responsbilite

MWEN PEVE ENPOLOKATIF
MWEN KÒMSADWA SE
RESPONSABILITE MWEN
KÒM SITWAYEN.

DGI



Dwa ak responsablite

Dwa yo se yon seri prensip legal (sa vle di ke : lalwa garanti yo)

Prensip sosyal (sa vle di ke: sosyete a tabli yo.)

Prensip moral (sa vle di valè ak kwoyans yon moun)

Dwa yon moun gen sou kèk bagay.

Dwa yo se yon seri règ sou sa yo pèmèt yon moun fè epi sa yo dwe yon moun dapre la lwa, dapre sosyete a. Genyen nan dwa sa yo ki chita sou jan moun dwe viv nan sosyete a, epi se leta kap veye a respè yo. Genyen tou yo dakò pou yon moun oubyen yon gwoup moun epi Leta rekonèt yo, epi pwoteje yo.

Dwa yo se yon seri prensip ki gen rapò ak libète yon moun, sa ki garanti moun sila a kapab jwenn yon seri privilèj.

Responsablite se yon obligasyon oubyen yon angajman moral yon moun genyen parapò ak yon bagay oubyen yon moun (manm fanmi l, kominote kote li al viv la, elatriye). Se pa annik rekonèt obligasyon an ni gen yon lide sou li, men se jan moun nan ap aji ki defini responsablite a. Sa gen ladan li obligasyon yon moun genyen pou li reponn kèk zak li te fè, respekte pwomès li yo.

Responsablite pa sèlman yon bagay ou kapab fè, li se yon valè tou.

Egzèsis

M ap reflechi sou kominote kote m'ap viv la. Eske dwa yo respekte?

a) Oui, yo respekte.	
b) Non, yo pa respekte	
c) Yo respekte, pou yon gwoup moun selman.	



MWEN DWE PRAN RESPONSABLITE ZAK MWEN:

- a) Menm si sa ka mennenm nan prizon.
- b) Selman si y ap felisitem.
- c) Paske sa fè de mwenn yon pi bon moun nan je sosyete a.

Entwodiksyon sou dwa moun

La Constitution de la République d'Haïti
1987

PREAMBULE

Le Peuple Haïtien proclame la présente Constitution:

Pour garantir ses droits inaliénables et imprescriptibles à la vie, à la liberté et la poursuite du bonheur, conformément à son Acte d'indépendance de 1804 et à la Déclaration Universelle des Droits de l'Homme de 1948.

Pour constituer une nation haïtienne socialement juste économiquement libre et politiquement démocratique, elle proclame les valeurs, les traditions, la souveraineté,



Constitution

La République d'Haïti



ENFÒMASYON ENPÒTAN

An jeneral yo pale sou dwa moun tankou yon seri dwa fondamantal moun pa ka chanje. Se yon seri avantaj yon moun gen dwa avèk yo senpman paske li se yon moun. Kidonk dwa moun valab tout kote (inivèsèl) epi menm bagay pou tout moun (egalite). Dwa sa yo ka dwa natirèl (dwa pou yon moun egziste, manje, rete an sante) dwa legal, yo ka alafwa nasyonal ak entènasyonal.





Entwodiksyon sou dwa moun

Se Asanble Jeneral Nasyonzi ki te adopte Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan dat 10 desanm 1948 nan vil Pari nan peyi Lafrans. Asanble general ki te adopte deklarasyon an te gen 58 leta manm sa vle di 58 peyi ki te reprezante. Deklarasyon inivèsèl dwa moun sa a, kòm pi gwo rèv tout pèp ak tout nasyon sou latè dwe chèche reyalize. Pou tout moun ak tout enstitisyon ki anndan sosyete a kenbe Deklarasyon sa a nan tèt yo toutan, pou yo travay ak ansèyman ansanm ak edikasyon pou fè respekte dwa ak libète moun nan pran bon jan dispozisyon nasyonal ak entènasyonal firamezi, pou yo rekonèt dispozisyon sa yo tout kote sou latè epi pou yo sèvi ak yo, nan mitan popilasyon peyi ki manm Nasyonzi yo, ak nan teritwa ki sou kont yo.

Deklarasyon inivèsèl dwa moun nan rekonèt dwa sivil, politik ak sosyal tout moun dwe jwenn yo (leta yo gen kòm devwa pou yo ankouraje epi pwoteje tout dwa moun epi tout libète fondamantal yo, kit se sistèm politik, ekonomik oubyen kiltirèl), moun pa ka chanje yo (eksepte nan kèk sikonstans byen presi e dapre yon seri pwosesis byen defini), moun pa ka vyole yo, tout moun gen dwa sa yo, yo aplike pou tout moun, nenpòt nasyonalite, nenpòt kote moun nan rete, kelkeswa sèks, ras oubyen peyi li soti, relijyon l, lang li pale, elatriye. Lalwa garanti Dwa sa yo pa egzantp sou fòm trete ak dwa entènasyonal.



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN:

Lwa entènasyonal sou dwa moun di gouvènman yo dwe aji tèt jan oubyen sispann fè tèt zak pou yo ka ankouraje oubyen pwoteje dwa ak libète fondamantal kèk moun oubyen kèk gwoup. Tout gouvènman yo aksepte tèks ki ba yo obligasyon legal yo epi bay prensip ki fè konprann dwa sa yo se pou tout moun.

Nan entwodiksyon konstitisyon 1987 peyi Dayiti a yo fè referans ak deklarasyon inivèsèl dwa moun nan. Li di konsa : "le Peuple Haïtien proclame la présente Constitution : Pour garantir ses droits inaliénables et imprescriptibles à la vie, à la liberté et la poursuite du bonheur ; conformément à son Acte d'indépendance de 1804 et à la Déclaration Universelle des droits de l'homme de 1948." An septanm 1977 Ayiti te ratifye konvansyon ameriken dwa moun, ke tout moun konnen tou sou non pak San Jose. Atik 276-2 konstitisyon ayisyen an eksplike, depi trete yo ratifye an Ayiti yo tou fè pati lwa peyi a. Pwovizyon legal sa anpil piske sa vin fè konvansyon dwa moun nan tou vin antre nan lwa ayisyen yo, piske Ayiti te ratifye konvansyon an.



Entwodiksyon sou dwa moun

Atik 2 konstitisyon an di:

1. Chak moun sou tè a kab jwi dwa ak libète Deklarasyon inivèsèl dwa moun nan ba li, san okenn diferans, tankou diferans ras, koulè po, diferans fanm ak gason, diferans lang, relijyon, opinyon politik oubyen tout lòt opinyon, tankou peyi li soti oubyen klas sosyal li, richès li, kondisyon paran li te fè li oubyen tout lòt sitiyasyon ki sanble ak sa.




SA MWEN DWE KONNEN

Lè nou konsidere diyite ki andedan tout moun sou tè a ak dwa yo genyen ki egal ego, pèsoun moun pa kab pran nan men yo, se baz libète, lajistis ak lapè sou tout tè a san manke tikras,

Lè nou konsidere sa enpòtan pou gen yon Leta ki chita sou lalwa, pou evite sitwayen yo sèvi ak revòlt pou yo konbat kraze zo ak represyon,

Lè nou konsidere prensip fondamantal manman lwa Nasyonzini, kote yon lòt fwa ankò pèp Nasyonzini yo montre jan yo kwè nan dwa fondamantal tout moun, nan diyite ak valè chak moun, nan dwa egal ego gason ak fanm .Pèp sa yo deklare yo deside travay pou sosyete a fè pwogrè, epi pou yo mete bon kondisyon sou pye pou lavi miyò tabli, pou gen plis libète,



**Entwodiksyon sou dwa moun****M ap chwazi pi bon repons yo**

1- Kilè deklarasyon inivèsèl dwa moun nan te adopte ?

- a) 10 desanm 1948
- b) 12 desanm 1848
- c) 10 desanm 1958

2- Poukisa Deklarasyon Inivèsèl dwa moun nan enpòtan pou mwen ?

- a) Paske li fe m konn dwa m ak devwa m.
- b) Paske li fem konnen dwa m anvè kominote a ak peyi map viv la.
- c) Paske li fe m konnen ki dwa leta genyen anvè moun.

3-Eske dwa malere menm ak pa moun rich yo ?

- a) Mwen pa konnen, paske m pa okouran de Dwa ni de Devwa.
- b) Non, tout moun egal devan lalwa. Kit malere, kit moun rich.
- c) Lwa pa malere yo pa ta janm ka menm ak pa moun rich yo.

Analize kominote mwen an



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Pou analize kominote w ou dwe konnen. Konbyen moun kap viv ladanl, eske leta respekte devwa l anvè kominote a. Eske dwa de baz yo respekte anndan kominote a. Gade kote w ap viv la, kisa ou wè ki genyen an fòm de infrastrikti ak resous natirèl yo, koman zòn nan striktire ? Eske wout la fèt, eske gen lekòl, eske gen dlo, lopital, elektrisite, ak sekirite. Eske gen solidarite ant sitwayen kap viv nan zòn nan? Eske w ka konte sou vwazinaj ou yo nan ka nesesite?

Yon kominote ka chita sou baz enterè espesyal yon gwoup moun tankou moun ki pap travay, moun kap defann dwa moun, yon komite defans anviwònman, yon sendika. Yon kominote ka chita sou baz lakilti/relijyon, sèks moun yo. Ekzanp: vodouyizan, pwotestan, elatriye.

Yon kominote ka chita tou sou espas gewografik la (yon seksyon kominal, yon katye) sou baz sikologik, sa vle di santiman ou se manm yon gwoup, sou baz kiltirèl tankou sa nou kwè ladan, fason nou ap viv. Sou baz enstitisyon tankou yon òganisasyon, yon asosyasyon, elatriye.

**Analize kominote mwen an****Egzèsis 1**

1- M'ap di jan m santi m lè m konnen mwen gen plizyè rapò nan kominote m?

- ☐ Mwen santi m byen paske map patisipe nan devlopman zòn mwen.
- ☐ Mwen santi m fatige patisipe nan reyinyon katye yo paske moun yo pale twòp.

2- M'ap bay 3 gwo chanjman ki ta dwe fèt nan kominote m' nan epi tou m'ap di poukisa.

- a) Fòk wout la ta fèt, pou fasilite sikilasyon nan zòn nan.
- b) Fòk ta gen yon sipèmache nan zòn nan. Sa ap fasilite lavi sitwayen kap viv nan zòn nan.
- c) Fòk ta gen yon boutik dlo trete nan katye a. Sa tap diminye risk pou timoun yo pa atrape maladi ke nan dlo pa trete yo.

Vin yon ajan chanjman nan kominote mwen



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Nan chak kominote nou kapab jwenn ajan chanjman. Yon ajan chanjman se yon moun ki vle fè yon diferans nan aksyon li ap poze nan kominote kote li ap viv. Se yon sitwayen aktif, ki pa janm bouke, ki renmen sa li ap fè a. Se yon moun ki santi tout sa ki kapab pwoteje, amelyore, devlope, chanje kominote li, konsène l. Yon ajan chanjman se yon sitwayen angaje ki kapab jwe anpil wòl. Li ka alafwa lidè, pòtpawòl, epi rasanblè. Se yon moun ki prezan nan reyinyon piblik yo, ki patisipe nan aktivite sosyal yo, ki ankouraje inisyativ lokal yo. Moun sa yo toujou prè pou sèvi kominote a san yo pa toujou touche pou sa. Se yon seri moun ki sipòte oubyen kanpe dèyè tout aksyon enpòtan nan kominote a tankou nan: sante, edikasyon, byennèt sosyal, ekonomi, ak anviwònman. Wòl yon ajan chanjman nan yon kominote se pa di lòt moun sa ki pou fèt, men ki annik bay egzanp lan nan aksyon l. Se yon moun ki enflyanse lòt moun ak aksyon pozitif li fè yo.



Vin yon ajan chanjman nan kominote mwen

Daprè mwen

Yon ajan chanjman se yon:

- a) moun ki: santi tout sa ki ka pwoteje, amelyore kominote a konsènel.
- b) moun ki: kwè ke devlopan kominotel posib, si l kòmanse met men
- c) Bon pòt pawòl.
- d) Moun ki toujou prè pou sèvi kominote l.




RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN:

Yon ajan chanjman se yon sitwayen angaje ki kapab jwe wòl lidè, pòtpawòl, epi rasanblè.

Se yon moun ki prezan nan reyinyon piblik yo, ki patisipe nan aktivite sosyal yo, ki ankouraje inisyativ lokal yo.

Wòl yon ajan chanjman nan yon kominote se pa di lòt moun sa ki pou fèt, men ki annik bay egzanp lan nan aksyon l. Se yon moun ki enfliyanse lòt moun ak aksyon pozitif li fè yo.

Vin yon lidè



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Lidè a se yon moun ki ekzèse yon enfliyans sou manm yon gwoup nan objektif pou li ka fè yo rive reyalize objektif gwoup la fikse, pwograme aktivite epi evalye yo. Lidè a se yon manm ki konnen sa li vle, ki byen kominike sa li vle fè a, ki konnen kilè pou li aji oubyen kilè pou li chanje direksyon nan enterè gwoup la. Nan lavi pratik, mo "lidè" koresponn ak yon moun ki demontre lespri lidèchip. pa ekzanp lè li fè pati yon komite, prezide yon gwoup travay, fè pati yon biwo direksyon oubyen fè yon travay grefye.

Vin yon lidè

Demach nou ap fè kòm lidè mande souvan pou ou itilize enfliyans pèsònèl ou pou reyalizasyon objektif gwoup la te gen devan l. Yon lidè dwe gen konpetans sa yo :

Yon kominikatè; yon moun k ap ede mete ekip la djanm; yon fasilite / animatè, yon ajan chanjman, yon edikatè.

Kominikatè. Yon lidè dwe kapab bay epi resevwa enfòmasyon byen. Pou kominikasyon an byen pase fòk lidè a ka bay mesaj la, konnen li byen, fòk li bay li yon fason pou tout moun rive konprann li. Yon moun k ap ede mete ekip la djanm. Lidè a ankouraje epi fè ekip li anvi avanse, li konn ki pawòl pou l di ekip li; kenbe tèt ansanm nan gwoup li, respekte lòt moun; gen kontwòl tout moun nan ekip li; fikse prensip oubyen règ pou gwoup la byen fonksyone....

Fasilite. Lidè a asire l gwoup la ap grandi. Li mete men nan travay ki gen pou fèt epi li fè yon jan pou tout moun mete men tou, li pa aji tankou yon kòmandan k ap enpoze l, li ede pou moun nan gwoup la pale epi diskite youn ak lòt; li gen lespri ouvè; li ankouraje gwoup la reflechi sou pwòp tèt li.

Yon ajan chanjman,

Lidè a admèt gen bezwen pou chanjman; li fè tout sa ki posib pou fasilite chanjman; li idantifye pwoblèm ki ka bloke epi solisyon ki posib pou rezoud pwoblèm yo.

Edikatè. Lidè a kreye yon anbyans pou travay byen; li ankouraje tout moun pou yo endepandan nan travay yo epi nan desizyon yo ap pran; li ede ekip li travay nan tèt kole; li pouse yo reflechi, evalye tèt yo epi fè chanjman yo jije itil.





Vin yon lidè

M AP TESTE KONESANS MWEN.

Yon lidè dwe yon

1.Fasilitatè

Paske:

.....

.....

2.Kominikatè

Paske:

.....

3.Edikatè

Paske:

.....

4.Yon ajan chanjman

Paske:

.....

.....



Vin yon lidè

M ap li senaryo sa yo.

Depi yon semèn klas senkyèm nan nan Kolèj Katrin Flon an te netwaye. Nadin, yon elèv nan klas sizyèm deside pale sou sa ak kamarad klas li yo. Nan rekreyasyon, li rankontre ak yo nan lakou lekòl la. Li Mande yo kisa yo panse sou kondisyon jeneral klas yo a.

Yo kòmanse diskite sou koze lapwòpte. Yo deside pou yo ta pale ak direktè a, men se pa yo tout ki vle apwoche li. Yo pwopoze pou yo mete kanpe yon komite ki gen twa moun Nadin kòm pòtpawòl paske li gen don pale an piblik. Nadin pwomèt li ap travay sou mesaj la epi prezante li bay klas la nan demen maten anvan yo fè rankont ak direktè a bò 10 zè.

Lè komite a ale nan direksyon an, sekretè a deside li pa pral kite elèv yo deranje direktè a ki ap travay sou yon dosye enpòtan. Nadin mande lòt elèv yo sa yo panse yo ta dwe fè. Jilyo pwopoze pou yo bay vag. Mak pwopoze pou yo retounen demen. Nadin reponn byen poze yo ap kontinye rete tann, paske yo pa kapab kontinye tolere kondisyon klas la konsa. Apre kèk diskisyon yo te deside pou yo retounen kot direktè a pandan rekreyasyon. Yo rankontre l bò 10 zè 45 konsa, epi yo eksplike li pwoblèm nan. Direktè a di yo pwoblèm sa a pral rezoud.

Pou fen ane a, reto a te vle fè fèt. Yo monte komite ki te responsab pou te planifye ak egzekite fèt la. Apre diskisyon, komite a bay Jil responsab kòdinasyon fèt la paske li pi debwouya nan komite a. Nan fen premye sezon an, yo te òganize, avèk anpil reyisit, yon vwayaj avèk klas la (randone). Jil mande yon rankont pou pataje responsablite yo epi volontè ki te kapab rankontre yon djaz pou ta pèfòme nan fèt la. Trezorye a chwazi ranmase lajan an, sekretè a ak konseye a chwazi responsab dekorasyon an epi voye envitasyon yo. Tout bagay planifye pou mwa mas la. Chak vandredi aprè midi, Jil fè yon reyinyon pou diskite sou pwogrès yo. Li pale sou sa yo te gen entansyon fè yo epi raple tout moun yo bezwen nuit sa inoubliab. Li di tou kisa travay varye yo ye, asire l chak moun te ranpli misyon yo. Li felisite tout moun sa yo ki te travay, pwopoze epi reflechi sou ki kalite sipò yo te pote pou fè yo soti nan difikilte nan premye travay yo. Nan mwa jen, apre egzamen fini, komite a fè youn nan pi bèl fèt nan ane a.



Vin yon lidè

M'ap idantifye ki moun ki lidè nan senario sa yo.

.....

.....

M'ap di Kisa ki fè fòs ak feblès lidè sa yo.

.....

.....

M'ap di Kilès nan kalite lidè sa yo genyen epi mwen panse ke mwen genyen lakay mwen, epi kilès nan yo mwen ta renmen devlope?

.....

.....

.....



RIBRIK SOU SA NOU DWE SONJE

Yon lidè se yon moun ki influyan e ki gen yon objektif presi. Se yon moun ki kwè nan kapasite l genyen pou l transfòme dezi an aksyon.

Lidè a se yon manm ki konnen sa li vle, ki byen kominike sa li vle fè a, ki konnen kilè pou li aji oubyen kilè pou li chanje direksyon nan enterè gwoup la.

Yon lidè dwe gen konpetans sa yo : yon kominikatè; yon moun k ap ede mete ekip la djanm; yon fasilitatè/animatè, yon ajan chanjman, yon edikatè.

BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

Modil

3

**Vyolans
ki chita sou jan
sosyete a we fi ak gason**

Somè

De mo pou komanse.....	3
Sesyon 1: Rapò fanm ak gason nan sosyete a.....	4
Sesyon 2 : Rapò ak jan sosyete a wè fanm ak gason an kesyon	7
Sesyon 3 : Vyolans ki chita sou rapo sosyal ant fi ak gason	12
Sesyon 4 : Chwa, kontrent ak zafè konsantman.....	16
Sesyon 5 : Konstwi bon jan relasyon	19

DE MO POU KOMANSE

Nan tout sosyete kote ki genyen moun genyen vyolans. Li enpòtan pou pèmèt chak moun nan sosyete a konnen sa pou yo fè pou anpeche vyolans mete pye oubyen kouman pou yo reyaji prese prese lè yon zak konsa pase. Vyolans se yon problèm mondyal ki genyen anpil konsekans sou edikasyon, sante ak byennèt yon moun oubyen tout yon sosyete.

Konvansyon Belem Do Para a di « vyolans sou fanm se tout zak, tout konpòtman ki fèt sou baz kondisyon sosyete a mete fanm epi ki kapab lakòz lanmò fanm nan, fè li souffri nan kò li, nan sèks li, nan lespri li, kèlkeswa kote zak sa yo fèt, kit se nan lavi prive li, kit se nan lavi piblik li ». Pretèks ki sèvi pou fè zak vyolans sou fanm se toujou pou fòse fanm nan rete nan wòl sosyete a ba yo sou baz sèks yo osinon pou koube anba volonte gason. Rechèch ki fèt sou vyolans montre klè pifò nan zak sa yo fèt sou fanm ak tifi. Epi, tout fanm kèlkeswa kategori sosyal yo, nivo konesans yo, peyi yo, kapab sibi vyolans.

Lè yon jèn sibi abi fizik, seksyèl, sikologik, sa ka aji byen vit sou rezilta lekòl li epi, pi devan, sou sante fizik li ak mantal li. Jèn fi oubyen jèn gason sa a ka pa kapab konsantre sou zafè lekòl ankò. Li ka vin pèdi anvi pou li etidye, sa ka fè li oblije chanje lekòl, pafwa menm kite lekòl.

Yon jèn fi yo vyole ka ansent san li pat swete sa, li ka oblije al fè avòtman, pran yonn nan maladi moun ka trape nan fè bagay yo tankou VIH-sida. Vyolans yon fi sibi ka mennen konsekans sikolojik. Sa fè li vin toujou estrese, dekouraje epi santi li anvi fini ak lavi li. Abi sa yo ka kite konsekans pou tout lavi, moun k ap gade pap rive wè konsa konsa.

Pou diminye vyolans k ap fèt sou fanm fòk nou manyen kesyon egalite fanm ak gason ki makònen ak kesyon dwa moun nan sosyete a.



NAN FEN MODIL SA A,
MWEN DWE AN MEZI
POU M :

- 1 Konprann sa ki eksplike rapò debalanse ant fi ak gason nan sosyete a.
- 2 Pran konsyans kijan sosyete a wè fi ak gason epi ki konsekans sa genyen.
- 3 Eksplike gwo diferans ki genyen ant wòl ak aktivite gason ak fi nan sosyete a.
- 4 Reflechì sou defi ke rapò debalanse yo reprezante epi kijan pou yo leve defi sa yo.
- 5 Konprann sa ki dèyè konpòtman fi ak gason nan zafè sèks
- 6 Kòman pou mwen konstwi bon jan relasyon ak zanmi yo.



Rapò fanm ak gason nan sosyete a



RAPÒ FANM AK GASON NAN SOSYETE A

Sèks se yon pakèt siy ki pèmèt nou fè diferans ant mal ak femèl. Se yon bagay ki natirèl. Li defini depi lè yon moun fèt. Diferans sa yo menm toupatou. Sèks yon moun pa kapab chanje.

Chak moun fèt avèk yon sèks. Sèks la se tout siy ki pèmèt moun di si yon moun se fi oubyen si li se gason tankou kalite ògàn jenital yo (penis, testikil, vajen, matris), kalite òmòn ki ap sikile nan kò moun nan, kapasite pou l' pwodui espèmatozoyid oubyen ovil, posiblite pou fè pitit epi bay timoun tete.

Rapò fanm ak gason nan sosyete a

Rapò fanm ak gason se. Sa vle di se jan sosyete a wè fi ak gason, se fason li edike yo sou kòman pou yo ye, ki travay pou yo fè tankou (fè manje, netwaye kay, pot lajan nan kay. Elatriye...) Yo pa fèt avèk wòl sa yo. Wòl yo kapab chanje nan chak sosyete wòl yon fi an Ayiti ka pa menm ak pa yon fi an End. Wòl yo kapab chanje avèk tan an tou. (Pa egzanp avan lane 1950 fi pat ka vote, kounye tout fi ka vote depi li gen 18 lane).

Depi nou tou piti, yo komanse aprann nou yo tout pandan n ap grandi epi yo rete nan tèt nou menm nan granmoun nou tou. Lide sa yo chita sou kalite ak kapasite yo konsidere kòm selman pou fi oubyen selman pou gason. Li chita tou sou fason sosyete a atann pou gason yo ak fi yo pa gen menm konpòtman nan yon menm sityasyon.

Sosyete a pa wè fi ak gason menm jan. Li fè konprann gason yo siperyè pase fi yo. Fi dwe obeyi gason. Fi yo dwe rete okipe



kay, timoun, fè manje. Gason an dwe al travay pou jwenn kòb pou okipe fi ak timoun yo. Sa ki vin kreye yon sosyete kote gason yo gen plis dwa pase fi. Mantalite sa a fè dwa fi yo pase anba pye. Sa lakòz fi yo sibi anpil zak vyolans senpman paske yo se fi. Gason yo menm konprann li nòmal nan sèten ka pou yo fè vyolans sou fi paske yo konprann yo se chèf fi yo.



NAN FEN SESYON MWEN DWE AN MEZI POUM

Kapab fè diferans ant sèks ak rapò sosyal ant fanm ak gason.

Fè diferans ant wòl ki makònen ak sèks epi wòl sosyete a bay fi ak gason.

Pran konsyans kijan wòl sosyete a bay fi ak gason aji sou fason yo panse, yo konpòte yo ak jan yo espere lavni yo.



Rapò fanm ak gason nan sosyete a

Egzèsis

1. M ap ekri yon bagay fi kapab fè

.....

.....

.....

2. M ap ekri yon bagay gason kapab fè

.....

.....

.....

3. M ap ekri kèk bagay ni fi ni gason kapab fè

.....


.....

.....



SA MWEN DWE SONJE

Jan sosyete a wè fi ak gason an dekri lide ak sa moun nan sosyete a atann nan men gason oubyen fi. Se sosyete a ki detèmine wòl ak responsablite fi ak gason yo. Wòl ki makònen ak jan sosyete a wè fanm ak gason yo pa menm nan tout kominote. Gason yo kapab fè manje epi netwaye kay. Gason yo kapab pran swen tibebe epi fè edikasyon timoun tou.

**SA POU NOU KONNEN :**

Lè wòl ki makònen ak jan sosyete a wè fi ak gason kapab fè moun mal Chak kilti genyen fason pa yo yo panse gason ak fi ta dwe ajè epi ki wòl yo nan sosyete a. wòl sa yo kapab limite aktivite ak chwa fi yo epi fè yo santi yo manke valè parapò ak gason yo. Nan pi fò kominote, yo atann pou fi yo se manman pitit ak madanm, Gen kèk fi ki ta prefere suiv lòt bagay ki enterese yo. kote yo ta renmen pa gen anpil timoun. Men fanmi yo ak kominote yo pa ofri yo posiblite sa a piske yo atann pou fi a genyen anpil timoun. Fi yo gen mwens chans pou yo fini lekol epi aprann yon metye, Pi fò tan li ak fòs li ap pase nan pran swen lòt moun. Nan sosyete a tou lè yon fi pa kapab fè timoun li gen mwens valè pase lòt fi yo nan kominote a.

Anpil kominote bay travay gason yo plis valè pase travay fi yo. Tankou, yon fi pase tout jounen ap travay nan kay, fè manje, fè menaj epi okipe timoun pa gen enpotans. Men kòm yo konsidere travay gason yo pi enpòtan, medam yo enkyete yo plis pou repo mesye yo, san yo pa panse repoze yo menm. Lè konsa, timoun yo grandi avèk lide travay gason pi enpòtan epi travay fanm yo genyen mwens valè.

Souvan yo konsidere fi yo tankou moun ki aji avèk plis emosyon (nan tèt cho) pase gason yo epi yo lib pou montre santiman sa yo devan lòt moun. Pandan tan sa a, yo souvan anpeche gason yo montre kèk santiman tankou tristès oubyen tandrès. Yo fè mesye yo konprann se yon bagay ki pa nòmal kidonk yo dwe kache santiman yo. Oubyen, yo aprann yo eksprime santiman yo nan fason ki vyolan. Lè gason pa kapab montre santiman yo, timoun yo kapab santi yo pi lwen papa yo, epi gason yo jwenn mwens sipò lòt moun lè yo nan pwoblèm.

Yo souvan dekouraje fi yo pou yo pale oubyen tou entèdi yo pou yo patisipe nan reyinyon kominotè. Sa ki vle di kominote a tande sèlman sa gason panse. Pliske fi yo gen konesans tou ak eksperyans pou yo pataje, tout kominote a soufri lè fi yo pa kapab dekri yo, epi pwopoze solisyon.



Estereyotip ki makònen ak jan sosyete a wè fi ak gason

Estereyotip sou fi	Estereyotip sou gason
☒ Dou epi bay swen ☒ Fèb fizikman ☒ Mwens entèlektyèlman ☒ Pa kapab pran desizyon ☒ Sansib nan emosyon ☒ Soumèt a volonte moun ☒ Fè timoun lè moun vle ☒ Toleran ☒ Satisfè dezi lòt moun avan tèt yo ☒ Dwe vilnerab	☒ Otoritè ☒ Fò fizikman ☒ Plis entèlektyèl ☒ Gen asirans ☒ Chèf nan kay ☒ Lidè ☒ Pa kite emosyon yo parèt ☒ Evite fè travay nan kay ☒ Gen anpil patnè ☒ Pran risk ☒ Se pou yo vanyan

M ap anrichi konesans mwen

Yon estereyotip se yon lide tou pare yon moun genyen sou yon lòt moun oubyen sou yon bagay ki pa chita sou okenn reyalyte ni sou yon analiz serye.

Egalite nan jan sosyete a wè fi ak gason pa vle di pa ta dwe genyen okenn diferans ant fi ak gason. Genyen diferans men yo pa dwe itilize yo pou endike kiyès ki siperyè ak kiyès ki enferyè oswa pou jistifye diferans nan fason yo ap trete fi ak gason. Diferans ant fi ak gason pa ta dwe antrene diskriminasyon.

Egalite ant sèks yo se yon eleman fondamantal. Li pèmèt fi ak gason jwi tout dwa moun genyen. Tout ayisyen, fi oubyen gason, moun marye ak moun ki pa marye, kapab sèvi ak dwa sivil yo oubyen dwa politik yo, depi yo gentan gen 18 lane, epi depi yo suiv tout kondisyon ki nan konstitisyon an ak nan lwa peyi a.

Tout Ayisyen egalego devan lalwa.

Leta dwe kontwòle si tout travayè jwenn menm avantay san diskriminasyon, ni pou pwoteksyon yo, ni pou lajan yo touche kòm salè, kit se fi, kit se gason, kit se moun marye, kit se moun ki pa marye. Kwayans yon moun ak sa li panse, pa gen anyen pou wè ak sa.

Tout fòm vyolans ki chita sou sèks yon moun (fizik, seksyèl ak sikolojik), epi kèlkeswa relasyon ki genyen ant moun ki fè li a ak moun ki viktim nan se vyolasyon dwa moun yo ye.





Egzèsis

1. Map site kèk fason(kalite) sosyete a konn wè fi oubyen gason

.....

.....

.....

.....

2. Eske (kalite ke sosyete a bay fi oubyen gason) kapab enfliyanse mwen nan:
Fason mwen konpòte m? Paske :.....

.....

.....

.....

Sa mwen panse mwen ka fè?

.....

.....

.....

Objektif mwen fikse pou tèt mwen?

.....

.....

.....

3. Poukisa egalite ant sèks yo se yon eleman fondamantal ?

.....

.....

.....

.....

> Vyolans ki chita sou jan rapò fi ak gason ye nan sosyete a.



SA POU NOU KONNEN :

Nan lane 2005, Ayiti te fè revizyon nan kòd penal li a. Avèk dekrè nimewo 60 la egzekitif lan te pran, yo vin konsidere vyòl la kòm yon krim ki diferan ak asèlman (tizonnay). Epitou, pèn pou krim sa a te ogmante jiska 10 lane, 15 lane menm si viktim yo gen pi piti pase 18 lane; epi si se yon gang yo ka ale nan prizon pou tout vi yo. Nan menm dekrè sa a tou, Leta ayisyen pa konsidere adiltè kòm krim ankò.

> Vyolans ki chita sou jan rapò fi ak gason ye nan sosyete a.

Poutan, pènalwa fikse pou vyòl yo pa rive fasil nan sa ki pi gwo a lè gen jijman. Lè se mari ki fè vyòl la, lalwa pa di anyen sou sa. Yo pa konsidere ka sa a tankou yon krim. Lwa nou yo entèdi vyolans sou timoun epi li prevwa sanksyon pou sa tou. Men pa gen lwa ki bay sanksyon sou vyolans domestik ki fèt sou granmoun.

Yo wè vyolans domestik (vyolans ki fèt nan kay) avèk adiltè an jeneral tankou yon pwoblèm fanmi. Kòd penal la pa pale sou sa epi asèlman seksyèl la, yo pa rekonèt li kòm yon krim nan peyi Dayiti. An jeneral yo wè vyòl la tankou yon pwoblèm fanmi oubyen pwoblèm kominote a olye yo wè li tankou yon ofans ki ta mande pou ale lajistis oubyen rele koupab yo devan leta. Anplis viktim yo konn pè al di sa ki pase yo a, pou moun nan pa refè menm bagay la sou yo avèk plis vyolans.



Malgre Leta pa gen anpil lwa sou vyolans domestik avèk asèlman seksyèl, Ayiti se yonn nan peyi ki siyen konvansyon pou elimine tout fòm diskriminasyon k ap fèt sou fanm yo. Lwa entenasyonalyo oblije otorite nasyonal yo pote yon solisyon sou pwoblèm vyolans ki chita sou jan sosyete a we fi ak gason .

> Vyolans ki chita sou jan rapò fi ak gason ye nan sosyete a.



SA POU MWEN KONNEN :

Vyòl la se yon zak agresyon kote moun ki vyòlè a itilize sèks li pou montre viktim nan se li ki gen pouvwa. Vyòl se yon krim lalwa pini epi bay sanksyon pou li. Nenpòt sa yon fi fè li te mèt pran medikaman, bwè alkòl jouk li sou, mete yon rad ki ka atire gason, oubyen al nan yon zòn ki danjre pa bay gason dwa pou vyole li.



MAP ANRICH KONESANS MWEN

Vyolans Seksyèl se :

Lè yon gason poze lapat sou yon fi, pou fòse li fè sèks avèl. Kategori vyolans seksyèl sa yo se yon fòm vyolans fizik tou. Nan anpil ka, yo konn fèt ak zam, menas, anba gwo presyon sikolojik san zam pa ladann.

Explwatasyon seksyèl se:

Lè yon moun itilize yon lòt moun pou li pran plezi l oubyen resevwa yon bagay nan men l san li pa enkyè sou kouman lòt moun sa santi li. Kèk fwa gen moun ki konn fè presyon sou lòt pou yo fè move kontak, sa se yon lòt kalite eksplwatasyon seksyèl. Gen moun ki konn fòse moun fè bagay se sa yo rele abi seksyèl la oubyen vyòl la.

Egzèsis

1. Kisa mwen dwe fè si mwen ta viktim vyolans? E poukisa

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....





Chwa, kontrent ak zafè konsantman



Kontrent seksyèl la se lè yon moun ap fòse yon moun (osinon eseye fòse li) fè bagay san li pat vle. Sèks la gen kontrent ladan li lè yon moun santi li manke fòs pou li refize fè bagay san li pa panse ak gwo konsekans sosyal osinon fizik yo. Kontrent seksyèl la se yon fòm vyolans, li montre epi li bay jarèt ak inegalite ant fanm ak gason. Gason ak fanm, yo toulède ka anba presyon sou zafè fè bagay san yo pa vle. Men se fanm yo ki plis viktim.

Chwa, kontrent ak zafè konsantman

Gen diferan fason yon moun ka tonbe anba kontrent seksyèl, tankou manipilasyon emosyonèl, twonpri, fòs fizik, menas, agresyon vèbal, osinon pou lajan. Kontrent seksyèl yo ka fèt nan plizyè kontèks ki pa menm. Pa egzanp : kontrent seksyèl la fèt souvan nan yon kad osinon yon sitiyasyon ki nòmal yo konsidere tankou yon bagay asire, tankou lakay viktim nan osinon lakay yon zanmi, yon paran, nan lekòl, yon enstitisyon relijye, nan travay, nan yon relasyon lanmou oubyen nan maryaj. Kontrent seksyèl la kapab fèt tou nan lòt sitiyasyon pa egzanp, ak yon etranje, ak yon moun pou lajan oswa byen materyèl, ak patnè ki pi gran osinon menm pòy, nan lagè, sitiyasyon chire pit ak nan prizon yo. Kontrent seksyèl se yon vyolasyon dwa moun, kèlkeswa kote ak lè li fèt la. Tankou lòt fòm vyolans yo, kontrent seksyèl la gen konsekans grav.



NAN FEN SESYON MWEN DWE AN MEZI POLIM KA:

Reflechi de kijan ak kilè mka pran desizyon ak patnè m sou zafè fè bagay.

Dekri yon espas sou chwa fè bagay, epi panse sou kòman nòm (règ) yo ka afekte konpòtman m.

Konnen ki kote epi kilè m ka fè bagay ak pwòp volonte m
epi konprann dwa pou m di non mpap fè bagay.



Chwa, kontrent ak zafè konsantman

Fòse m, san volonte m (kontrent)	Ak volonte m, mwen te vle (konsantman)
Yon patwon ki ap fòse yon anploye, lèl refize. Patwon menase l ke lap revoke l. Li oblije fè l.	De kamarad de klas ki deside fè bagay, yo pa vrèman renmen men yo antann yo pou yo fèl. E yo dakò itilize kapòt.

Map anrichi konesans mwen

Chimen ki bay konsantman chita sou bon jan enfòmasyon

Kwè ou gen dwa pou deside pou tèt ou si ou vle patisipe nan yon aktivite seksyèl an patikilye.

Gen ase bon sans ki montre ou gen pouvwa ak kontwòl sou pwòp vi ou pou ou kapab kominike ak aplike desizyon ou pran an.

Gen ase matirite pou ou konprann kisa sa vle di yon aktivite seksyèl ak ki konsekans li kapab genyen ase matirite pou ou kominike avèk mennaj ou a sou kesyon sa yo.

Bat pou ou nan yon sitiyasyon oswa relasyon kote mennaj ou a ap rekonèt ak respekte desizyon ou. Konnen kisa aktivite seksyèl a vle di ak kisa ou santi, kisa risk yo ye ak kouman pou ou pwoteje tèt ou ak mennaj ou kont gwosès nou pa vle ak enfeksyon.

Fòk tèt ou klè, sa vle di fòk li pa febli akòz alkòl oswa dwòg nan moman ou ap pran desizyon an.

Fè bon jan enfòmasyon sou aktyalite ak sante seksyèl mennaj ou a (chèche konnen si li konn ekspoze tèt li nan move sitiyasyon seksyèl anvan osinon èske li konn itilize dwòg ki ta ka poze yon risk pou ou).

Evite nan meyè fason ou kapab, sitiyasyon kote ou gen chans sibi presyon pou fè bagay san ou pa vle, pou rezon materyèl oswa finansye.



SA POU NOU KONNEN :


Vyolans sa yo ka bay pwoblèm emosyonèl tankou santiman ou pa an sekirite, rete pou kont ou, pa gen estim pou tèt ou epi gwo depresyon. Li ka mennen blese fizik ak lanmò menm.

Fè bagay nan fòse, souvan fèt san pwoteksyon. An reyalyte, fè bagay nan fòse gen gwo risk gwosès san ou pat vle, risk pou atrape **IST** ak **VIH**





Konstwi bon jan relasyon



SA POU NOU KONNEN :

Yon bon relasyon chita sou lanmou, respè youn pou lòt ak volonte pou travay pou kenbe relasyon an. Nan yon bon relasyon, de moun yo onèt youn avèk lòt. De moun yo santi yo san danje epi youn fè lòt konfyans. De moun sa yo jwenn lajwa epi plezi nan relasyon an. Youn pa janm eseye kontwole lòt la oubyen fè presyon sou li pou fòse li fè yon bagay. Ni youn pap eksplwate lòt la oubyen manje grenn je li pou yon rezon oswa pou yon lòt.



Konstwi bon jan relasyon

Yon bon jan relasyon ? Se yon relasyon ki chita antre de ou plizyè moun epi ki pran jarèt gras ak kalite sa yo:

Respè:

respekte yon lòt moun vle di onore li, gade li gran; sa vle di gen estim pou li epi ba li valè menm jan avèk ou.

Reskonsablite:

Yon moun reskonsab vle di lòt moun ka depann epi konte sou li, li fè sa li te di li ap fè a jan li te di li ap fè li a. li ka distenge byen ak mal. Pa egzanp, ou pran reskonsablite pou pran s wen tèt ou epi veye sou byennèt patnè ou ak kò fanmi ou.

Konpreyansyon:

konprann vle di eseye met tèt ou nan plas lòt moun nan pou ka wè bagay yo menm jan li wè lavi a. Ou dwe byen chèche konnen yon moun pou ou kapab eseye konprann pozisyon li ak santiman li yo, tandè ak sipòte li.

Koperasyon:

sa vle di travay nan relasyon an, fè efò nan relasyon sa a epi pa pran lòt moun nan tankou yon bagay ou gentan genyen. Fòk ou mete volonte pou travay ak moun ki nan relasyon an epi kenbe li.

Santiman:

Ou santi ou konsène epi enterese ak bezwen lòt moun nan. Ou vle sa ki pi bon pou li. Sa vle di santi lanmou, gen gou pou li epi ou vle pwoteje li.



NAN FEN SESYON MWEN DWE AN MEZI POLIM KA:

Diskite kèk kalite ki kapab ede konstwi yon relasyon ki bon pou moun ki ladan l yo
Konprann sa kalite ki ka kraze yon relasyon



Konstwi bon jan relasyon

Egzèsis

Ki kalite ki pi enpòtan nan relasyon ou ak yon paran oswa yon granmoun ou fè konfyans?

.....

.....

.....

.....

Kòman sa ye nan yon relasyon ak yon zanmi? yon mennaj ? Poukisa?

.....

.....

.....

.....

Bay kèk bon ak move egzanp relasyon? Eksplike poukisa li se yon bon oubyen yon move relasyon.

.....

.....

.....



SA POU NOU KONNEN :

**Respè ak konpreyansyon
se baz tout
bon jan relasyon.**



BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti

Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

**Sante
seksyèl ak
repwodiktif**

Modil

4

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Adolesans ak pibète.....	4
Sesyon 2 : Sistèm repwodiksyon yo.....	7
Sesyon 3 : Metòd kontraseptif.....	10
Sesyon 4 : Gwosès ak fè pitit.....	13
Sesyon 5 : Avòtman ki riske.....	16
Sesyon 6 : IST, VIH SIDA.....	17

DE MO POU KOMANSE

Sante seksyèl ak repwodiktif la se byennèt jeneral fizik, mantal ak sosyal yon moun pou tout sa ki konsène aparèy jenital la, fonksyon li ak fonksyonman li. Se pa sèlman lè yon moun pa genyen yon maladi oubyen yon enfimite.

Kidonk sa mande pou yon moun kapab mennen yon vi seksyèl ki kontante li an tout sekirite, pou li kapab fè pitit epi lib pou fè li lèl deside l.

Sa mande pou fi avèk gason genyen :

- ✓ Dwa pou yo enfòm epi itilize metòd yo chwazi pou yo kontwole pouvwa fè pitit yo ki pa
- ✓ Poze ak lalwa. Metòd sa yo dwe asire, efikas, abòdab epi akseptab.
- ✓ Dwa pou yo gen aksè ak sèvis sante ki pèmèt fi yo mennen gwosès ak akouchman yo byen epi bay koup la tout chans pou yo genyen yon timoun an bon sante.

Sante seksyèl ak repwodiktif la se yon kapasite pou jwi epi kontwole konpòtman seksyèl ak repwodiktif moun, selon moral moun nan ak sa sosyete a mande. Li pèmèt moun yo retire tèt yo nan laperèz, anpeche yo santi yo koupab, wete kwayans ki pa vre ak lòt faktè sikolojik ki kapab ralanti anvi yo epi opoze ak relasyon seksyèl yo.



Adolesans ak pibète

**ADOLESANS AK PIBÈTE**

Adolesans lan se moman nan lavi tout moun kote yo ap soti nan estad timoun pou yo rive granmoun. Adolesans lan se laj soti 10 lane pou rive nan 19 lane.

Pibète se peryòd kote timoun yo ap fòme. Li se moman kote genyen chanjman fizik ki ap fèt nan kò ti gason yo ak ti fi yo. Yo ap grandi vit, gen chanjman ki fèt tou nan ògán jenital yo, epi pwal kòmanse pouse nan kèk kote nan kò yo. Pandan pibète a, yon tifi vin kapab ansent epi ti gason vin kapab ansent yon tifi. Sistèm yo pwodui yon bagay ki rele òmòn ki kreye kèk chanjman nan kò yo epi fè yo tounen jèn granmoun.

Adolesans ak pibète


An jeneral, pibète a kòmanse kay ti fi apati 8 lane pou rive 13 lane epi lakay ti gason soti 10 lane pou rive nan 15 lane. Men sa pa anpeche kèk kapab kòmanse pi bonè oubyen pi ta pase sa. Chak moun diferan, kidonk yo rive nan pibète a nan fason pa yo. Pibète a dire ant 2 a 5 lane. Pandan peryòd sa a, timoun yo grandi vit. Gen kèk timoun ki grandi 4 pous oubyen plis chak ane. Apre yo fin grandi, jèn yo vin gen tay granmoun.

Gen chanjman tankou

Yonn nan premye siy pibète a se plim ki ap pouse kote ki pa te genyen anvan. Plim ap pouse anba zesèl yo epi sou ak bò kote ògan jenital yo. Nan kòmansman an yo fen. Aprè yo vin long, pi founi. Plim ap pouse tou sou vizaj ak lestomak gason yo. Anpil fwa, akne (bouton ak tach) kòmanse parèt nan kòmansman pibète a epi yo kapab rete pandan tout peryòd adolesans la. Jèn ki gen akne yo ta dwe lave figi yo chak jou avèk savon ak dlo pou kenbe po yo pwòp. Souvan akne yo disparèt nèt nan fen adolesans lan. Yo kapab gen odè anba bra yo.

Òmòn yo aji sou glann yo pandan pibète a epi glann yo fabrike kèk pwodui chimik ki gen yon odè fò. Benyen chak jou, itilize pafen ak dewodoran ka pèmèt yo diminye odè sa yo.

Gason yo pral remake kèk chanjman nan vwa yo. Li vin grav, gra oubyen anwe. Vwa mesye yo ap vin nòmal lè yo ap fin grandi. Pandan pibète a, jèn yo vin sansib oubyen yo deranje pou dan ri. Yo santi yo pa alèz lè moun ap gade kò yo epi pale sou yo. Sa vin yon sijè sansib pou yo. Sa konn rive tou jèn yo mete yo an kòlè, fache avèk zanmi yo, avèk moun nan fanmi yo, santi yo pi tris oubyen pi deprime. Jèn yo ta dwe pale avèk granmoun yo fè konfyans sou santiman sa yo genyen : kòlè, tristès, depresyon. Pandan pibète a, li nòmal pou yon jèn santi lòt sèks la enterese l, atire l. Lakay gason yo, yonn nan siy sansasyon seksyèl sa yo se bande. Lakay fi yo, se vajen an ki mouye. Sansasyon seksyèl yo kapab vini pandan yo ap li yon seri liv, gade yon seri fim oubyen panse ak yon gason oubyen yon fi.



Adolesans ak pibète

M ap anrichi konesans mwen konnen

Chanjman fizik ki fèt lakay tifi yo nan peryòd adolesans yo.

- a) Anch yo vin pi laj. b) Tete yo devlope. c) Ovilasyon ak manstriyasyon

Chanjman fizik ki fèt lakay ti gason yo nan peryòd adolesans yo.

- a) Zepòl pi laj. b) Plim nan figi. c) Vwa grav. d) Pwodiksyon espèm ak ejakilasyon

Chanjman emosyonèl ki fèt lakay tifi ak tigason pandan peryòd adolesans la.

- a) Anvi seksyèl b) Chanjman nan atitid c) Santi yo jennen fasil
d) Santi yo pi pre zanmi pase fanmi yo. e) Revòlte kont paran yo.



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

Yon ereksyon rive se lè peni an plen san; li vin di epi li vin dwat, paske yon gason eksite seksyèlman. Ejakilasyon an se lè espèm nan soti nan yon peni ki ann ereksyon akòz yon eksitasyon seksyèl. Chak fi fèt ak plizyè milye ze nan ovè li yo. Fenomèn sa a kote ovè a libere ovil la rele ovilasyon. Sik manstriyèl la se peryòd ki soti nan premye jou règ yon fi rive lavèy règ li kòmanse yon lòt fwa. Estrès oubyen enfeksyon kapab chanje sik manstriyèl yon moun. Adolesans lan se peryòd nan vi yon moun kote li ap soti timoun pou rive granmoun. Gen anpil chanjman fizik ak emosyonèl ki fèt lakay timoun yo. Pandan pibète a yon ti fi kapab vin ansent epi yon ti gason vin gen kapasite pou ansent fi.

Sistèm repwodiksyon yo



Sistèm repwodiksyon gason yo

Anba peni an, genyen yon ti sak an po ki kenbe testikil yo. Genyen 2 testikil epi se yo menm ki pwodui espèmatozoyid yo ak testostewòn nan. Testostewòn nan se òmon seksyèl gason an. Se li ki fè pwal yo pouse epi fè vwa gason yo chanje. Espèm nan se likid ki pote espèmatozoyid yo. Espèmatozoyid bay pitit lè yo rankontre ak ze fi yo.

Yon ereksyon rive se lè peni an plen san epi li vin di epi li vin dwat, paske yon gason eksite seksyèlman. Ereksyon yo kapab rive lè gason yo ap panse ak kèk bagay seksyèl oubyen san okenn rezon. Pandan yon gason ap dòmi lannuit peni li kapab vin ann ereksyon epi desann pandan anviwon 5 a 7 fwa. Ejakilasyon an se lè espèm nan soti nan yon peni ki an ereksyon akòz yon eksitasyon seksyèl. Yon gason pa bezwen ejakile chak fwa li gen yon ereksyon. Li kapab tann ereksyon an pase san li pa lakòz okenn domaj. Gason yo pa fèt ak espèm, yo kòmanse pwodui yo pandan pibète a. yon gason kontinye pwodui espèmatozoyid pandan tout lavi li. Si espèm nan tonbe nan vajen yon fi, fi sa a kapab vin ansent. Espèm nan kapab pote tou maladi ki kapab enfekte yon lòt moun.

Sistèm repwodiksyon fi yo

Ògàn jenital feminen ki deyò yo rele vilv. Li konpoze avèk lèy yo, klitoris la ak vajen an... lèy ki anndan ak lèy ki deyò yo. Lèy yo kouvri antre vajen an. Lèy yo reyini nan rejyon jenital yo. Sou tèt lèy yo, anndan 2 pli yo, nou jwenn klitoris la. Klitoris la sansib anpil menm jan avèk pwent peni an. Fonksyon klitoris la se ede yon fi jwenn plezi nan rapò seksyèl yo. Irèt la se yon tib kout ki pote pipi a soti nan vesi a rive deyò kò a. Ouvèti irèt la tou piti epi li difisil pou wè li. Irèt la anlè antre vajen an. Vajen an se kote gason an mete peni li pandan rapò seksyèl yo. Epi tou se la san an soti chak mwa, se la ti bebe yo soti tou lè akouchman. Vajen an se yon misk ki elastik anpil ki kapab detire jikaske yon timoun soti ladan l. Chak fi fèt ak plizyè milye ovil (ze) nan ovè li yo. Ze sa yo tèlman piti, moun pa rive wè yo lè yap gade yo konsa. Fenomèn sa kote ovè a libere ovil la rele ovilasyon. Si yon fi te genyen rapò seksyèl dènye jou avan ovilasyon oubyen jou ovilasyon an, lè ze a rive nan twonp Falòp la, li kapab jwenn kèk espèmatozoyid (jèm gason) ki ap tann ovil la pou kontre avè l. Lè ze a rive, si li fè yonn ak espèmatozoyid la, li ap deplase ale nan matris la epi al chita nan iteris la. Lè sa a yon gwosès kòmanse.



Sistèm repwodiksyon yo**Egzèsis**

1. M'ap site kèk ògán mwen konnen ki nan sistèm repwodiksyon gason yo

2. M'ap site kèk ògán mwen konnen ki nan sistèm repwodiksyon medam yo.

3. M'ap eksplike kisa ki ka fè yon fanm ansent.

4. Kòman sik manstriyèl la fonksyone ?

Sistèm repwodiksyon yo

**RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN****Règ ak ovilasyon**

Manstriyasyon oubyen sa nou rele règ la rive lakay anpil fi yon fwa pa mwa. An jeneral li dire ant 3 a 7 jou. Se yon siy ki montre yon fi kapab ansent si li genyen rapò seksyèl. Kantite tan ki nan mitan 2 règ (sa yo rele ovilasyon an) varye pou chak fi. Pou kèk nan yo se 21 jou oubyen mwens.

Sekresyon vajinal yo

Pafwa fi yo kapab wè yon likid blanch nan kilòt yo oubyen yo santi yo yon ti jan mouye. Likid blanch sa a rele sekresyon. Fi yo genyen sekresyon souvan pandan peryòd ovilasyon an. Sekresyon yo la pou ede espèmatozoyid la vwayaje nan matris fi a pou li ka rankontre ak ze a. Lè yon fi genyen sekresyon vajinal sa yo, li konnen li fètil nan peryòd sa a, kidonk li plis kapab rive ansent. Lè yon fi fè atansyon a sekresyon vajinal yo, li pèmèt yo konprann kò yo. Lè yo konnen sa ki nòmal li ede yo rekonèt bagay ki pa nòmal. Pa egzanp, lè sekresyon yo jòn li pa nòmal. Se yon siy enfeksyon epi sa mande pou al pran swen lopital.

Menopoz


Menopoz se lè yon fi sispann gen règ li. Sa ki fè sa se paske kò a pa pwodui òmòn ki fè ze pa vin grandi nan ovè yo ankò. Lè sa rive fi yo pa kapab ansent ankò. An jeneral li rive apre laj 45 lane. Men menopoz la kapab rive pi bonè oubyen pita.

SA POU NOU SONJE

Gen anpil mit ak move konsepsyon sou sèks ak repwodiksyon. Li enpòtan pou yo konsidere sèlman reyalyte a lè yo ap pran desizyon sou aktivite seksyèl.

Si yo pa fin asire sou reyalyte yo, yo dwe mande yon moun ki konnen, tankou yon doktè oswa yon enfimyè. Yo pa dwe konte sou zanmi yo ki gen dwa pa gen bon jan enfòmasyon

Metòd kontraseptif



Metòd kontraseptif



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

Kontrasepsyon se yon seri metòd yon fi ka itilize ki fè li genyen mwens chans pou li tonbe ansent oswa yon seri metòd ki anpeche fi ya ensent. Genyen plizyè metòd kontraseptif ki disponib pou anpeche gwasès. **Gen metòd òmon, metòd bare, metòd natirèl.**

Baryè yo se : kapòt gason an, kapòt pou fanm nan. **Metòd òmon yo se:** kontrasepsyon an ijans, gren planin, sèklaj. **Metòd natirèl :** planin familial, abstinans.



Chwa yon metòd depann tou de relasyon ou genyen ak patnè ou, establite nan relasyon an, frekans nan rapò seksyèl yo, pèsonalite ou, pri sa koute, kapasite pou ou swiv metòd la, motivasyon pou itilize kondòm, elatriye... Malgre anpil moun gen konesans sou metòd kontraseptif an Ayiti, kantite moun ki itilize kontraseptif yo piti anpil.

Gen anpil rezon ki fè moun, espesyalman jèn yo pa itilize kontraseptif, menm si yo vle anpeche gwasès. Sa ki konn anpeche yo itilize metòd sa yo se paske: Yo manke enfòmasyon ekzat oswa konplè sou metòd sa yo. Yo manke gen aksè ak sèvis kote yo santi yo konfòtab (pou jenn yo, rive jwenn sevis yo e pou li fèt an sekre). Sa ka rive tou yo pa jwenn yon metòd yo vle oswa yo kapab itilize san danje. Pa egzanp, yo kapab genyen nan lespri yo efè ki vin aprè yo (ki kapab reyèl oswa pa reyèl) oswa lòt karakteristik metòd kontraseptif yo. Yo konn jwenn anpechman tankou baryè pèsònèl (pa chache enfòmasyon yo, pran zafè planin a la lejè) oswa baryè kiltirèl (Pafwa sosyete a konn mal wè jenn fi ki vle fe planin, yo konn akize yo de pye lejè). Bagay sa yo pran rasin nan rapò debalanse ant fi ak gason nan sosyete.

NAN FEN SESYON AN MWEN AP GEN :



Konesans sou kontraseptif, konnen efikasite yo, ak kijan pou itilize yo. Konnen rezon ak kontrent ki genyen nan itilizasyon kapòt.

Metòd kontraseptif

Egzèsis

a) Kisa mwen konnen sou zafè kapòt?

.....

.....

.....

.....

b) Poukisa li enpòtan pou mwen enfòmè sou zafè kapòt?

.....

.....

.....

.....


**RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN**

Nou dekouvri ke se plis fanm de 25 a 29 lane ki itilize metòd planin modèn yo
 Nou remake tou ke nivo medam ki itilize metòd planin modèn yo
 ogmante lè yo gen yon ti konesans anplis.

SA POU NOU SONJE

Yon moun dwe chwazi yon metòd ki mache ak bezwen ak bezwen pèsònèl li, ki efikas san li pa aji sou sante l. Chwa yon metòd depann de : relasyon ou genyen ak patnè ou, estabilite nan relasyon an. Pèsònalite ou, pri sa koute, kapasite pou swiv metòd la, motivasyon pou itilize kondòm, elatriye..

Gwosès ak fè piti



GWOSÈS AK FÈ PITI

An Ayiti, jèn yo kòmanse fè sèks byen bonè. Chak ane Plizyè milye jèn fi abandone lekòl chak ane poutèt yo ansent. Plizyè bagay kapab lakòz ti fi yo ansent : an jeneral paran yo pa pale ak timoun yo sou zafè sèks, timoun yo manke enfòmasyon sou chanjman ki ap fèt nan kò yo. Epi tou adolesan yo pa konnen kijan pou kontwole anvi seksyèl yo nan peryòd pibète a, yo pa aprann jèn yo bagay ki ka pèmèt yo fè bon chwa, pou yo kwè nan tèt yo epi pou yo pa antre nan fè sèks twò bonè



Gwosès ak fè piti

Kèk rezon medikal ki eksplike komplikasyon akouchman lakay ti jèn fi yo : Yon jèn fi 16 lane poko genyen matirite fizik. Basen li twò piti epi li kapab rann pasaj la difisil. Sa kapab mennen pwoblèm sante oubyen lakòz lanmò manman an oubyen pitit la.

Jèn fi espesyalman sa ki genyen mwens pase 15 lane yo gen plis chans pase yon fi ki ta gen plis pase 20 lane pou yo gen tranche pi bonè, pou yo pèdi pitit yo, pou timoun nan tonbe, pou yo fè timoun nan tou mouri. An jeneral premye nesans yo plis gen danje pase lòt yo.

Kèk rezon sosyal pou yon jèn fi fè pitit pita : Pa fè pitit bonè kapab bay jèn fi yo chans pou yo kontinye lekòl, fè travay ki pa sèlman anndan kay la epi atenn objektif yo genyen. Gason yo kapab kontinye etid yo epi travay san presyon pou yo pran swen yon fanmi. Lè yon moun ansent pita, sa kapab bay avantaj ekonomik paske fanmi yo ap vin pi piti epi fè mwens pitit. Yo konn mete jèn fi ki

ansent yo deyò nan lekòl yo oubyen se yo menm ki kite lekòl la, ki pa retounen ankò aprè yo fin fè timoun nan. Responsablite pou okipe timoun ak edikasyon limite diminye chans pou moun jwenn yon bon djòb ak lòt posiblite pou fè lajan. Anpil jèn fi konn twouve yo nan sitiyasyon kote papa timoun nan oubyen pwòp fanmi yo abandone yo.



Gwosès ak fè piti

**RIBRIK SOLI SA MWEN DWE KONNEN**

Sou anviwon 5.000 fanm de 15 a 19 lane, selman yon ti kantite fe yon planin konsa (35%). Kote anpe nan yo ki pi minim toujou (31%) swiv yon metòd planin modèn. Pami metòd modèn sa yo, nou jwenn piki planin yo ke yo itilize a (19%) ak kapòt a (5%).

**MIT KI CHITA SOLI GWOSÈS AK FÈ PITIT.**

Li danjere pou yon tifi benyen oswa naje pandan règ li.

Abstinans se sèl metòd kontrasepsyon ki 100% garanti.

Yon fi kapab ansent lè gason an ejakile anndan vaje an sèlman ...

Depi yon gason gen yon ereksyon li dwe gen rapò seksyèl, san sa li pral nwi li.

SA NOU DWE SONJE:

Sou chak 100 fi ki genyen ant 15 a 49 lane, 17 ladan yo gen tan marye oubyen ap viv ak yon nèg.

Sou chak 100 fi ki genyen ant 20 a 24 lane, 15 ladan yo gen tan gen pitit anvan yo genyen 18 lane.

Avòtman riske (danje avòtman)



DANJE AVÒTMAN

Avòtman an se lè yon fi ansent epi li kanpe gwosès la. Men tou, gen enfòmasyon ki fè konnen ke nan pratik avòtman yo tou, yo fèl pou prezève sante fizik fanm ki ansent lan epi ak nan ka vyòl oswa ensès oswa si fetis la mal fòme. Kèkfwatou se yon ti neglijans ki konn kòz li. Gen anpil nan metòd avòtman sa yo ki mete lavi medam yo an danje tankou:

Melanj grenn, Gwo dòz kinin (medikaman malarya), Medikaman medsen fèy Pèse matris la ak yon bagay ki file oubyen ki pwenti. Pran solisyon konsantre, pitimi ak fèy te. Anpil fanm konn mouri nan fè mòd avòtman ki danjere sa yo oubyen sa konn lakòz yo vinn gen pwoblèm sante.


Avotman riske (danje avòtman)

Gen kèk nan pwoblèm sa yo ki konn rive touswit aprè tankou bay san oubyen enfeksyon epi menm lanmò.

Fi sa a ki jete pitit la konn pa janm rive ansent ankò oubyen konn ap souffri avèk yon doulè ki pa janm kanpe.

Yon ti fi oswa yon fanm ki te fenk fè yon avòtman ta dwe itilize kontrasepsyon pou evite ansent twò rapid apre sa oubyen ansent anvan lè.

Fè yon avòtman se yon desizyon serye ki mande pou yon moun reflechi sou sa ki enpòtan nan je li, nan sa li kwè epi nan sitiyasyon li ap viv. Yon fi ki nan sitiyasyon sa a dwe mande konsèy pou konnen tout sa li kapab fè epi kisa lalwa di sou sa.



NAN FEN SESYON AN MWEN DWE KAPAB:

Konprann danje ki genyen nan fè avòtman. Pran konsyans de tout konsekans avòtman kapab genyen sou lavi, jodia ak demen.

MAP ANRICHI KONESANS MWEN

Lis danje ki genyen nan fè avòtman san sekirite:

- ✓ Risk pou Senyen pandan anpil tan.
- ✓ Risk pou mouri tou, si yo kache sous pwoblèm nan.
- ✓ Risk Anemi, moun nan ka vi n fè tetanòs tou.
- ✓ Risk pou moun nan gen Absè nan matris, ki ka menm koz li pa ka fè pitit ankò.

RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

Nan sosyete a, yo pa pale ase sou konsekans sikolojik avòtman. Moun ki fè l yo pa alèz pou yo pale sou sa ak lòt moun epi sa ka fè yo mal pou pale sou sa. Yon avòtman se yon desizyon ki pa fasil pou pran epi tou se yon eksperyans ki pa fasil pou yon fi viv ditou. Sa ka lakòz yon fi souffri anpil, santi li koupab epi difisil pou li bliye sa. Nan peyi Dayiti, avòtman se yon krim. Lalwa entèdi avòtman sof si se yon fanmi pwòch fi a ki te ansent li (inceste).

IST, VIH AK SIDA



IST, VIH AK SIDA

IST yo se yon seri maladi moun trape nan fè bagay (yo ka pran yo tou nan fè ti bèf oswa nan fè bagay nan twou dèyè) avèk yon moun ki deja enfekte. IST yo andomaje pati nan kò fi ak gason, sitou pati ki pèmèt fi yo fè pitit. Gason ka bay fi yo menm jan an tou fi ka bay gason yo. Gason makomè ka pran yo nan yon lòt gason; menm jan an tou yon madivinèz ka enfekte yon lòt fi. IST moun plis konnen yo se: ekoulman, sifilis, mòpyon, chank, èpès, klamidya, gratèl, epatit B ak VIH-SIDA.

Gwosès ak fè piti

VIH vle di viris iminodefisyans imèn. VIH se yon viris moun trape nan kontak ak san enfekte, espèm oswa dechay, likid vajinal ak nan lèt manman. VIH febli sistèm iminitè a, fè li pi fasil pou moun nan tonbe malad. Lè yon moun ki enfekte ak VIH la vin gen anpil maladi ki pa reponn ak okenn tretman, nou ka di li gen SIDA. SIDA vle di Sendwòm Imino-defisyans Aki.

SA MWEN DWE SONJE SOU SIY IST YO.

- ✓ Kanal brile lè nou ap pipi oswa anvi pipi tanzantan;
- ✓ Dlo dwòl kap soti nan vaje oswa nan kòk nou;
- ✓ Yon maleng oswa yon ti bouton sou pati nou ki fè nou anvi grate tout tan oswa bò bouch nou;
- ✓ Demanjezon, gratèl, maleng oubyen chalè nan zòn ògàn seksyèl yo;
- ✓ Absè lenn;
- ✓ Yon doulè nan pati nou oswa tou pre li, yon doulè anba ti vant nou oubyen nou santi zòn nan sansib.



IST, VIH AK SIDA



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

**Kijan VIH la transmèt ?**

Gen twa fason VIH pase ant moun:

Sèks.

Penetrasyon: fè sèks avèk yon moun ki enfekte avèk VIH kote penis li antre nan vajen an, twou dèyè, oswa bouch lòt moun nan.

San ki al nan san.

Nan san yon VIH ki ale nan san yon lòt moun atravè yon ouvèti ki nan kò a tankou yon blese, nan yon transfizyon oswa lè moun pataje yon bagay ki ka koupe po a (kouto, razwa, zegwi). Si ou itilize menm kouto sikonsi, zegui, menm zouti pou fè tatou, pèse kò ou, zòrèy ou, ak yon moun ki genyen VIH.

Manman ak pitit.

Yon manman ki enfekte ak VIH la ka bay ti bebe a viris la pandan gwosès la, nan moman nesans la, oubyen nan bay tete. Sèvi ak yon kapòt an latèks kòrèkteman pou chak rapò seksyèl rele fè bagay san danje, lè nou itilize l byen lè n ap fè bagay. Kapòt la redwi anpil risk pou trape enfeksyon VIH. Toutfwa, kapòt yo pa 100 pousan efikas nan anpeche enfeksyon VIH. Fè bagay san pwoteksyon (san yon kapòt) mete moun yo an danje ak likid ki nan kò yo a, paske se la VIH la ap viv. Pifò moun ki gen VIH pa vi n malad tou swit Le moun nan devlope sida li ka rete ansante pi lontan, lel manje byen epi jwenn bon jan tretman byen vit

Sa pou m fè si m gen yon EST ?

(Fè yon kwa sou bon repons yo.)

- ☐ Chèche tretman medikal touswit, epi fini tretman w yo.
- ☐ Pa pataje medikaman yo avèk pèsonn.
- ☐ Achte medikaman sanm pa al lopital epi bwè yo
- ☐ Enfòmè patnè seksyèl ou a (yo)
- ☐ ankouraje patnè ou a (yo) poul ka resevwa tretman
- ☐ Evite gen kontak seksyèl ak lot moun ki enfekte.

BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti

Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

Modil

5

**Travay ak estrikti
legal nan peyi
Dayiti**

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Jwenn plas yo nan sektè travay la.....	4
Sesyon 2 : Dwa anplwaye nan peyi Dayiti.....	7
Sesyon 3 : Aplike pou yon travay.....	11
Sesyon 4 : Konpòtman nan espas travay la.....	16

DE MO POU KOMANSE

An jeneral, yon travay se yon aktivite pwofesyonèl, yon sèvis ke yo peye pou li. Nou kapab di tou yon travay se yon kontra ki siyen ant 2 pati, moun ki ap anplwaye moun nan ak moun ki gen salè a, pou reyalize yon aktivite kont yon pri.

An reyalite, pri sa a kapab pran plizyè fòm :

- ✓ li rele trètman si moun ki ap anplwaye a se yon enstitisyon piblik ;
- ✓ li rele salè lè moun ki ap anplwaye a se yon pèsòn moral oubyen fizik ki pa travayè a ;
- ✓ li rele onorè pou moun ki gen yon pwofesyon liberal ;
- ✓ li rele kachè pou atis ke yo pa peye chak mwa yo ;
- ✓ li dwa otè pou ekriven yo ; elatriye

Estrikti legal la, se fason ke yo òganize tout aktivite sa etan y ap gade kisa lalwa peyi a di, ki prensip ki dwe etabli pou fè enstitisyon yo mache byen ak kisa pou anplwaye yo respekte nan kad kontra sa ki siyen antre yo a.



NAN FEN MODIL SA A,
MWEN DWE AN MEZI
POU M :

- 1 Konnen relasyon ki genyen ant valè pèsònèl yo ak chwa pwofesyonèl ke m ap fè.
- 2 Konnen kisa lalwa peyi Dayiti di sou kesyon travay.
- 3 Konnen kijan pou m mande yon travay.
- 4 Konprann prensip ki genyen nan espas travay yo.
- 5 Konnen ki konpòtman pou m genyen nan kote m ap travay.

Jwenn plas mwen sou mache travay la

**ENFÒMASYON ENPÒTAN**

Nou tout konnen ke pi gwo pwoblèm ki genyen nan mond nou an se rive kreye yon lavni kote tout moun ap kapab kwè nou. Li pa yon sekre tou pou pèsonn ke travay fè w endepandan. Tou kòm li fè sosyete a respekte w, li ba w kapasite tou pou reyalize rèv ou avèk pwòp moyen ekonomik ou. Li fè tou ou wè demen miyò w pi asire. Ou diplome se vre, men sa pa sifi avan w komanse chache travay, ou dwe dabò chache konnen kèk antrepriz ki bezwen sèvis ou. Epi chache konnen fòs ak feblès yo, pou w mye prepare w ak atant yo. Toujou sonje ke antrepriz la ap chache sa w genyen an, epi ou menm w'ap chache sa'l genyen an. Si ou vle vann tèt ou, ou dwe mete ou nan kondisyon pou sa, sa w konnen an se machandiz la, ou se machann nan epi direktè antrepriz ou vize a se achte a. Eske'w gen yon machandiz achte a bezwen an? Eske'w an mezi pou'w kapte atansyon achte a pou'l achte machandiz ou a? Jwenn plas ou sou mache travay la ofriw tou posiblite pou devlope relasyon ou ak lòt moun, pwodui yon santiman akonplisman ak fyète, pèmèt ou eksprime kreyativite w, epi favorize yon santiman pou kontribiye a lavni kominote ou.



Jwenn plas mwen sou mache travay la

NAN FEN SESYON AN MWEN DWE :

Gen konpetans ak bon jan konfyans pou mwen kreye yon CV.

Ranpli aplikasyon pou travay, epi ale pase entèvyou



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN

Pou reyalize yon aktivite kont yon pri, pri sa a kapab pran plizyè fòm :

- ✓ Li rele salè lè moun ki ap anplwaye a se yon moun moral oubyen fizik ki pa travayè a.
- ✓ Li rele onorè pou moun ki gen yon pwofesyon liberal.
- ✓ Li rele kachè pou atis ke yo pa peye chak mwa yo.
- ✓ Li rele dwa otè pou ekriven yo.
- ✓ Li rele trètman si moun ki ap anplwaye a se yon enstitisyon piblik.



Jwenn plas mwen sou mache travay la

Egzèsis

1- Ki enpòtans travay gen nan lavi yon sitwayen?

.....

.....

Paske:

2- Pouki sa travay enpòtan pou devlopman yon kominote a ?

.....

.....

.....

3- Poukisa yo di nou travay se libète ?

.....

.....

.....

Dwa anplwaye nan peyi Dayiti



MEN LI GENTAN FÈ 5 KÈ MWEN VEN
MWEN PAP GENTAN FIN
TRETE TOUT
DOSYE YO
NON.

DIREKTRIS LA DI
AL KONTINYE
TRAVAY YO LAKAY OU.
PANDAN WIKENN NAN
LENDI MATEN POTE YO BA LI
BYEN BONÈ.



DEMO POU KÒMANSE

Relasyon travay yo etabli ak reglemante pa lejislasyon espesyal nan "Kòd Travay la nan lane 1984". Se Ministè Afè Sosyal ki responsab pou ranfòse dispozisyon ki nan lejislasyon sa a ak pou kenbe yon klima konfyans ant patwon yo ak travayè yo.

Kòd Travay la ki ap aplike nan peyi Dayiti jodi genyen ladan'l atik ki entèdi diskriminasyon nan espas travay la (Atik 3), bay travayè dwa pou yo òganize yo (Atik 7), ankouraje yo angaje yo nan negosyasyon kolektif (Atik 5), epi finalman, ki deklare ke travay, kòm yon pati entegral nan sosyete a ak yon bon sosyal, pa dwe eksplwatasyon (Atik 8). Anba a se yon rezime nan règman ki an plas yo.

Dwa anplwaye nan peyi Dayiti

Repo chak semèn / Vakans

Repo chak semèn nan defini kòm 24 èdtan peye apa (Dimanch) apre yon peryòd si jou youn apre lòt ap travay pandan semèn nan.

Moun ki travay lannwit

Travay lannwit se travay ki kòmanse 6 zè nan apre midi rive 6 zè nan maten. Salè travay lannwit yo dwe 50% pi wo pase kantite lajan yo peye pandan jounen an.

Sendika yo ak negosyasyon kolektif

Lalwa ayisyen rekonèt ak pwoteje libète nan asosyasyon. Li bay travayè dwa pou yo òganize sendika yo ak negosye akò kolektif ant travayè ak patwon lè de-tyè nan travayè yo nan yon sèl sendikal. Grèv yo legal depi yon tyè nan travayè ki nan konpayi a apwouve l'.

Konfli nan travay

Lè gen konfli nan travay, Depatman Travay nan Ministè Afè Sosyal, le pli vit ke enfòmasyon yo ki nan diskisyon an, ap mande Depatman Enspeksyon Travay mennen yon ankèt pou wè sa ki lakòz sa.

Pwoteksyon sosyal Travayè yo

Pwoteksyon sosyal travayè yo gen ladan yo asirans, pansyon, asirans sante, asirans matènite, asirans kont aksidan nan kat sante travay la.



Dwa anplwaye nan peyi Dayiti

KÈK PWEN ENPÒTAN SOU SA MWEN DWE KONNEN.

Travay ak Orè

Nan tout etablisman agrikòl, endistriyèl ak komèsyal yo, yon jounen travay nòmal se uit (8) èdtan pa jou ak 48 èdtan pou chak semèn. Men, patwon an ak yon anplwaye kapab dakò tou sou yon travay altènativ (chak semèn) orè.

Lè anplwaye / travayè travay plis pase kantite tan nòmal yo ta dwe travay la, yo gen dwa a lè siplemantè epi yo dwe peye yo lè sa yo ak yon ogmantasyon 50% sou salè nòmal yo.

Konje chak lane

Kòd Travay la otorize pou yo bay konje pandan pou pi piti 15 jou chak lane.

Konje maladi

Travayè a tou gen dwa a 15 jou konje maladi peye chak lane . Pou'w kapab jwenn li, yo dwe pote yon sètifika medikal ki soti kay yon doktè a oswa yon sèvis Sante Piblik bay.

Konje matènite

Fanm ansent yo gen dwa genyen 6 semèn konje matènite peye, ak jiska twa mwa konje peye tou nan sètèn kondisyon.

Jou Ferye Legal

Genyen apeprè 12 jou konje pou chak lane. Si anplwaye a dwe travay nan yon jou fèt, yo dwe peye li yon ogmantasyon 50%.

Salè

Tout travayè gen dwa a yon salè minimòm ayisyen, ki se mete nan 200 goud.



Dwa anplwaye nan peyi Dayiti

Egzèsis

M'ap mete wi oswa non aprè chak deklarasyon sa yo.

Èske dwa travayè egziste an Ayiti?

Èske dwa travayè diferan pou gason ak fanm an Ayiti?.....

Kisa ministè travay ak sosyal dwe fè nan ka konfli ant anplwaye yo?

.....

.....

Eske kòd travay yo respekte an ayiti?

.....

.....

Eske li legal pou travayè fè grèv kont anplwayè ?

.....

.....



SA POU NOU SONJE :



Se kòd travay la ki pwoteje dwa travayè nan peyi Dayiti. Kòd travay la entèdi diskriminasyon ant fi ak gason nan kesyon travay sa vle di ni fi ni gason konsène pa sa ki ladan l yo.

Aplike pou yon travay

**DEMO POU KÒMANSE**

Aplike pou yon travay vle di propoze tèt ou kòm kandida pou al fè travay sa. Anpil fwa, se paske moun nan santi li kapab fè travay la epi li ta renmen fè travay sa. Pou yon moun aplike pou yon travay sa mande pou li prepare yon dosye.

Yon dosye kandidati kapab genyen ladan li : Yon lèt motivasyon ; yon CV ki se yon rale sou moun nan : diplòm li, kapasite li, eksperyans pwofesyonèl ak sa li fè. Si li genyen yo, papye ki montre estaj oubyen eksperyans travay (peye / gratis) li fè deja, kopi nòt li fè lekòl sitou relve nòt egzamen ofisyèl Leta yo. Yon dosye kandidati ka kandida okasyon pou li di kiyès li ye, ki sa li ka fè epi sa ki fè li se yon bon kandida pou pòs la.

Aplike pou yon travay

Aprè ou fin depoze yon dosye pou yon djòb, yon konpayi anvi rankontre w. Kòman pou ou reyisi entèvyou'w. Fok ou sonje ke entèvyou a kapab sèvi pou chèche ti detay ki kapab sèvi patwon an pou wè si kandida a koresponn ak pòs la.

Entèvyou a ap pèmèt patwon an konplete enfòmasyon sou kandida yo, konnen sa yo kapab fè, gen yon premye lide sou pèsonalite kandida a, gade si li kapab adapte li ak konpayi a epi bay plis prezizyon sou pòs la.

Entèvyou a kapab pèmèt kandida konvenk patwon an ke li gen konpetans pou pòs sa a. Kandida dwe kapab chèche konnen kalite li ak konpetans li. Li dwe kapab reponn kesyon sa yo :

- ☒ Pale de tèt li?
- ☒ Poukisa li te aplike isit la?
- ☒ Kisa ki fè ou kwè ke ou ap kapab fè djòb sa a?

Fen entèvyou toujou rete pou negosye kontra a. kandida yo toujou bliye si negosye a pa vle di senpman pale sou salè men li gen a wè ak tout kondisyon travay yon anplwaye tankou orè,



SA MWEN DWE KONNEN :

SI MWEN AP CHÈCHE YON TRAVAY FÒK
MWEN MACHE AVÈK
ENFÒMASYON SA YO :



YON CV



YON LÈT MOTIVASYON



YON LÈT APÈL DÒF



Aplike pou yon travay**Jacqueline Thomas**

5, Ruelle Baptiste, Delmas 19 – Tél. (509) 3721 34 87

Née le 7 décembre 1980

Célibataire

Scolarité

1987 – 1990 Ecole primaire Des Sœurs Etienne au Cap-Haitien

1990 – 1996 Ecole secondaire Collège Classique de Lalue à Port-au-Prince

Langues

Créole : langue maternelle

Anglais : connaissances scolaires

Français: connaissances scolaires

Loisirs et hobbies

Lecture

Broderie

Expériences et stages

2010-2011 Professeur en Mécanique Auto

2012 Stage de Mécanicienne (3 mois), à autoplaza

Référence Gertrude Bonhomme (Directrice de l'Auto plaza)

105, route de l'aéroport

Tél. (509) 22 99 45 32

Aplike pou yon travay**Jacqueline Thomas**

5, Ruelle Baptiste, Delmas 19
Tél. (509) 3721 34 87
Autoplaza Haïti,
105, Route de l'aéroport.
Port-au-Prince, Haïti le 15 février 2013

Maison de voiture

Madame, Monsieur,

Je suis actuellement en 1^{ere} année, Mécanique Auto, au et j'obtiendrai mon
Diplôme en juillet 2013. Je suis en ce moment à la recherche d'une place
De stage en Mécanique Auto

J'apprécie tout particulièrement les automobiles, les travaux qui se déroulent lorsqu'ils tombent en
pannes en autre.

Je pratique Régulièrement la Mécanique avec mon oncle au centre-ville.

Avez-vous l'intention d'engager un apprenti l'été prochain ? Dans l'affirmative, je suis à votre
Disposition pour une rencontre.

En vous remerciant de l'attention que vous voudrez bien porter à ma demande, je vous prie
D'agréer, Madame, Monsieur, mes salutations distinguées.

Sincèrement, Thomas Jacqueline

Aplike pou yon travay

Port-au-Prince, Haïti

De : Thomas Jaqueline

Aux : Directeurs/ Directrices en ses bureaux

Objet : Lettre de motivation

Cher (ère) Directeur / Directrice,

J'ai l'honneur de vous présenter mon Curriculum Vitae afin de postuler pour un emploi au sein de votre entreprise pour un poste équivalent à mes capacités de connaissances.

Je suis Thomas Jaqueline, identifiée aux : 007-453-388-9, je suis professionnelle en Mécanique Auto.


En effet, dans le cadre de la conjoncture actuelle, la performance entrepreneuriale se fait par des gens compétents, honnêtes et dynamiques telles sont les qualités que j'aimerais apporter à votre équipe pour qu'elle soit plus pertinente dans l'accomplissement de sa mission.

Tout en restant à votre entière disposition pour des informations complémentaires, et un éventuel entretien. Je vous prie d'agréer, Monsieur/Madame le/ la Directeur (trice), l'expression de mes salutations distinguées.

Sincèrement, Thomas Jaqueline

konpòtman nan espas travay ou

YON BON ANPLWAYE KONPÒTE L AVÈK RESPÈ EPI KOUTWAZI NAN BIWO LI. LI RIVE ALÈ, RAPÒTE ABSANS, ABIYE KÒMSADWA, EPI LIMITE KOUTFIL PÈSONÈL YO



! ENFÒMASYON ENPÒTAN

Bon anplwaye yo konpòte yo ak respè epi koutwazi nan biwo a oswa espas travay la. Adolèsan ki rantre sou mache travay la pou premye fwa kapab manke eksperyans nan etikèt nan espas travay la, tankou rive alè, rapòte absans, abiye kòm sadwa, epi limite koutfil pèsonèl yo.

Yo ka bezwen tou rekonèt travay antrenè kòmanse kòm kote yo aprann ladrès ki transfèrab, epi kòmanse yon eksperyans travay pozitif.

Anplwaye yo ka gen sèten règ ki la oswa ki ekri (souvan yo te jwenn lakay anplwaye manyèl), konsènan rive a lè, sekirite, elatriye. Kèlkeswa si règ ak prensip sa yo, ekri osinon pa ekri, yo tabli se pou travayè yo toujou fè yon jan pou yo swiv yo nan espas travay la. Sa ki enpòtan pou bon manyè ak etikèt se pou yo montre respè ak koutwazi tout tan.

konpòtman nan espas travay ou



KÈK PWEN ENPÒTAN SOU SA MWEN DWE KONNEN



- ☒ Aprann viv ak kòlèg travay yo ak limit
- ☒ Sèvi ak imel oswa telefòn selilè ak limit
- ☒ Aksepte kritik konstriktif
- ☒ Respekte lè
- ☒ Itilize langaj ki apwopriye
- ☒ Mete rad travay ki kòrèk
- ☒ Se pou ou onèt
- ☒ Prè ekipman apre pwosesis otorizasyon
- ☒ Swiv enstriksyon yo.

Egzèsis

M'ap di si mwen dakò oswa pa dakò ak fraz sa yo.

Mwen souvan anreta, men mwen fè patwon mwen an konnen sou wout la pa yon mesaj tèks sou telefòn li.		
Anpil moun konnen mwen pou estil mwen, epi rad sou mwen yo bay gwo enpresyon.		
Travay mwen fasil, li nòmal pou mwen fè koutfil pèsònèl pandan mwen ap travay.		
Mwen wè yon kondisip klas mwen ki kole nan yon devwa mwen te wè ki fasil. Mwen pito kite li pase pou mwen ede li konprann.		



konpòtman nan espas travay ou



SA NOU DWE SONJE:

Piga nou janm bliye :

1er etap (aprè w fi n gen diplòm nan se : **Chache travay la.**

2eme etap la se : **Jwenn travay la.**

3eme etap la (se li ki pi enpòtan) **KENBE TRAVAY.LA.**



ETAP



1er + 2eme + 3eme =

REYISIT

BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

**Diminye risk
katastwòf
natirèl yo**

Modil

6

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Konprann katastwòf natirèl.....	4
Sesyon 2 : Prepare nou epi reyaji.....	9
Sesyon 3 : Jere pwoblèm dezas natirèl pote	10

DE MO POU KOMANSE


Yo rele katastwòf tout dega yon fénomèn natirèl/menas natirèl (tankou sounami, tònad, siklòn, ak tranblemanntè) oubyen tout aksyon lèzòm (deforestasyon, inondasyon, sechrès, dife nan forè) ka lakòz. Yo sèvi avèk mo katastwòf la tou lè gen anpil moun mouri ak gwo dega materyèl (yon katastwòf natirèl ka lakòz moun pèdi lavi yo, li ka lakòz pèt ekonomik ak pwoblèm nan anviwònman an). Lè sa rive, sitiyaasyon an tèlman grav ke kominote a pa ka rive jere sa pou kont li. Lè yon menas frape yon kominote, selon frajilite kominote a, li ka kreye yon sitiyaasyon ki tounen ijans si kominote a rive jere li oubyen yon dezaz.

Menm fénomèn nan ka frape de kominote ak menm fòs epi dega yo ka diferan. Se nivo frajilite kominote a (frajilite fizik, kapasite reyaksyon, nivo enfòmasyon ak konesans moun yo) ki ap detèmine enpak la. Gravite pèt yo depann si kapasite popilasyon ki afekte a ka reziste ak danje a. Fòmil sa a byen rezime sa nou sot ekri a : "katastwòf rive lè danje rankontre ak yon popilasyon ki fèb, ki frajil". Sa vle di yon evènman kèlkonk pap kreye yon katastwòf si li rive nan yon zòn kote moun yo pa fra zòn ko jil. Pa egzanp yon tranblemanntè ki ta fèt yon kote ki pa gen moun rete la, oubyen nan yon te kay yo batì pou yo reziste lè gen tranblemanntè epi moun yo resevwa bonjan fòmasyon sou danje sa a epi yo planifye sa yo dwe fè lè sa rive, pap kreye yon katastwòf.

Gen twa faz nan kesyon jesyon ijans ak dezaz... anvan, pandan ak aprè. Menm si nou pa gen kontwòl menas natirèl yo, gen aksyon nou ka fè nan twa etap sa yo (prevansyon, repons ak reyabilitasyon) pou ede sove lavi (evite dezaz). Bon jesyon risk yo ak bon jan prevansyon ka ede kominote yo diminye risk pou gen katastwòf.



Konprann katastwòf natirèl

**ENFÒMASYON ENPÒTAN**

Lè nou gade listwa peyi Dayiti nou jwenn siklòn, ouragan, tanpèt twopikal, gwo lapli, inondasyon ak tranblemanntè kite pase. Menas yo pa menm, genyen yo anonse yo, gen lòt ki vini bripsoukou; Gen nan evènman sa yo ki pase pi souvan pase lòt. Pa egzanp, nan ka Ayiti a, nou konnen chak ane depi mwa jen pou rive mwa novanm se sezon siklòn; fòk nou rete veyatif. Alòske tranblemanntè ka tann 100 tan anvan pou yon lòt pase.

Atravè tout listwa li, Ayiti sibi siklòn, ouragan, tanpèt twopikal, gwo lapli inondasyon ak tranblemanntè. Tranblemanntè 12 janvye 2012 la reprezante youn nan katastwòf ki fè plis dega ki pase an Ayiti.

Konprann katastwòf natirèl

Inondasyon

ka soti nan anpil lapli ki kouri desann tèt mòn nou yo ki debwaze. Ayiti pase anpil gwo inondasyon tankou: nan ane 2004 ak 2008, gwo inondasyon te frape Gonayiv, Mapou, Fon Vèrèt, Kabarè, Kanperen ak Jakmèl.


Yon tranblemanntè

se rezilta yon enèji ki degaje bripsoukou nan krout tè a ki kreye sa yo rele vag sismik. Nan pifò ka, tranblemanntè yo rive sou liy fay yo kote plak yo rankontre. Plak sa yo pa gen yon fòm regilye epi youn antre nan lòt. Pwen prensipal kote derapman an fèt la rele iposant.

Episant lan se pwen nan nivo sòl la (sifas la) ki sou tèt iposant la ekzakteman.

Nan nivo sifas tè a,

tranblemanntè a manifeste sou fòm tranbleman epi pafwa depasman sòl la. Lè episant yon gwo tranblemanntè twouve li nan lanmè li, depasman ki fèt anba lanmè ka tèlman fò, li ka lakòz yon sounami. Tranblemanntè yo ka lakòz glisman teren epi pafwa li ka fè volkan eksploze.



Siklòn

Sa ki fè yon siklòn, se van ki vyolan ki ap fè anpil dega ak gwo lapli. Li ka dire soti plizyè èdtan pou rive trant jou. Sak fè yon siklòn ka fè dega konsa se:

Gwo lapli ki ka lakòz inondasyon, glisman teren ak deboulonnay tè.

Gwo van k ap soufle ak rafal ki ap chanje direksyon tanzantan.

Nan zòn ki bò lanmè yo, lamare k ap monte akòz gwo van.


Konprann katastwòf natirèl



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN



Ayiti lokalize nan yon zòn ki gen anpil aktivite sismik (sa vle di anpil menas tranblemanntè), kote plak karibeyen an ak plak Nò Ameriken an rankontre. De plak sa yo tout tan ap glise youn sou lòt, anviwon 0.8 pous chak ane. Mouvmman sa lakòz enèji konsantre Rive yon lè, kanmenm enèji sa a ap degaje bripsoukou nan yon gwo mouvmman ki lakòz yon tranblemanntè. Jou kite 12 janvye 2010 la a 4:53 pm yon tranblemanntè ki gen fòs 7.0 te lakòz kokennchenn devastasyon ak domaj nan tout pòtoprens ak lòt kote ankò. Annapre, te gen plizyè lòt replik pi fèb ki te pase.



Sa ki agrave enpak katastwòf natirèl yo an Ayiti se :

Mank kontwòl sou zafè konstriksyon

Teknik ak kòd konstriksyon kont dezaz pa egziste.


Feblès sèvis piblik yo, sekirite, dlo potab, abri, kouran, swen sante ak edikasyon.

Yo pa egzije metòd konstriksyon ki ap bay batiman ki ka reziste anba katastwòf natirèl yo.

Deforestasyon ak degradasyon anviwònman.



Konprann katastwòf natirèl



KÈK DAT MWEN PA DWE BLIVE

Gwo siklòn ki pase an Ayiti pandan dis dènye ane yo

- | | |
|---|---|
| ☒ 2004 (Septanm) siklòn Jeanne
Nò- Wo Latibonit
(Gonayiv frape anpil) | ☒ 2008 (Out) Hanna
Latibonit ak Nodwès
(Vil Gonayiv touche anpil) |
| ☒ 2008 (Out) Fay
Tout peyi a | ☒ 2008 (Septanm) Ike
Fwole Nò
(Vil Kabarè touche anpil) |
| ☒ 2008 (Out) Gustav
Grandans | |

**Konprann katastwòf natirèl****Egzèsis**

1. M'ap di kisa ki kapab lakòz yon tranblemanntè.

2. M'ap di kisa ki kapab lakòz yon inondasyon

3. M'ap di kisa ki kapab lakòz yon siklòn.

4. M'ap di kisa nou kapab fè pou anpeche bagay sa yo oswa kisa nou kapab fè pou anpeche yo fè anpil dega lè yo pase.

Prepare nou epi reyaji

**Anvan ijans**

Jere risk (pran mezi k ap pèmèt kominote a diminye feblès li te idantifye nan analiz risk ak resous kominote a)

Mete sou pye estrikti, Sansibilize popilasyon an.

Pandan ijans

Swiv plan ijans kominotè a, adapte li si li nesèsè, pran leson pou amelyore plan an si posib.

Aprè ijans

Fè reyabilitasyon ak rekonstriksyon
Revize plan jesyon risk la, revize plan jesyon ijans lan.

NAN FEN SESYON AN
MWEN DWE KAPAB:

Idantifye etap yo anvan, pandan ak apre periòd ijans lan.
Reflechi sou fason mwen ka ede lòt moun aprè yon sitiyoasyon ijans.

MAP TESTE KONESANS MWEN NAN LIS MENAS YO

Sa ki fè kominote mwen an fèb?

Ki resous kominote mwen an genyen e ki lòt resous li manke?

Jere pwoblèm dezast natirèl pote



ENFÒMASYON ENPÒTAN

Katastwòf yo se ekperyans ki boulvèse tout moun ki touche yo. Konsekans emosyonèl katastwòf lakòz ka fè plis dega pase difikilte nan kesyon lajan oubyen kay, biznis oubyen lòt byen pèsònèl moun pèdi oubyen ki andomaje.

Timoun, moun ki granmoun anpil, moun ki gen lòt pwoblèm fonksyonèl (difikilte pou yo deplase, kominike, elatriye) pi ekspozé. Timoun yo kapab pè epi granmoun yo ka dezoryante lè yon katastwòf pase. Moun ki gen lòt pwoblèm fonksyonèl ka bezwen plis èd.

Katastwòf ka fè santiman ak souvni ki soti nan lòt eksperyans remonte nan tèt nou. Anplis, lòt ekperyans kote moun nan te gen gwo lapenn oubyen li te fè pèt ka retounen ba li pwoblèm. Enpak emosyonèl yon katastwòf varye selon moun nan.

Li enpòtan pou ou menm oubyen yon manm nan fanmi ou ki gen estrès ki te viv yon katastwòf chèche èd yon pwofesyonèl



Jere pwoblèm dezast natirèl pote

TWA FASON POUW BYEN JERE KATASTWÒF YO:

1

Konprann efè yon katastwòf ka genyen sou yon moun

Chak moun ki wè oubyen ki viv yon katastwòf, katastwòf sa a afekte li yon fason oubyen yon lòt. Li nòmal pou yon moun enkyete li pou pwòp sekirite li ak sekirite fanmi li ak zanmi pwòch li. Gwo tristès, lapenn, kolè se reyaksyon nòmal lè yon evènman ki pa nòmal rive Rekonèt santiman ou yo ede ou geri. Konsantre w sou pwèn fò ou ak kapasite ou ap ede ou geri. Aksepte èd nan men pwogram kominotè yo.

Chak moun gen yon bezwen diferan epi yo gen yon fason pa yo pou yo jere yon sitiasyon. Tout pandan ou ap geri, se yon bon lide pou ou adapte plan ijans ou menm ak fanmi ou te prepare a, asire ou tou ou gen tout sa ou bezwen si yon katastwòf ta pase ankò. Si ou konnen ou pare pou kèlkeswa sa ki pral pase a, ou ap santi ou pi byen.

2

Rekonèt siy ki montre estrès katastwòf lakòz

Lè granmoun manifeste siy sa yo, yo ka bezwen yon konsiltasyon pwofesyonèl oubyen yon èd pou jere estrès sa a : Difikilte pou eksplike sa yo panse. Difikilte pou yo dòmi. Difikilte pou kenbe ekilib nan lavi yo. Santi yo fristre fasil. Konsomasyon dwòg / alkòl. Pwoblèm pou konsantre. Depresyon, tristès Pèfòmans nan travay yo diminye. Pa wè byen sou kote / pa tandè byen. Santi yo san espwa. Grip oubyen sentòm ki sanble ak grip. Ezitasyon pou yo soti lakay yo Chanjman nan atitid yo tanzantan epi pete kriye san rezon. Santi yo koupab anpil epi gen dout sou tèt yo. Pè foul, pè rete pou kont ou.

3

Diminye estrès katastwòf yo :

Pale ak yon moun sa ou santi: – kolè, lapenn lòt emosyon - menm lè sa ka difisil. Chèche èd nan men pwofesyonèl nan kesyon estrès apre yon katastwòf.

Pa rann tèt ou responsab evènman yo oubyen pa fistre paske ou santi w pa ka pote yon èd dirèk nan ede sove lavi moun ki viktim yo. Fè yon seri aktivite pou ou fasilite gerizon fizik ak emosyonèl ou : byen manje, repoze ou, fè egzèsis, rilaks epi medite. Pase tan ak fanmi ou, ak zanmi ou. Patisipe nan seremoni ki fèt pou sonje evènman an. Asire ou ou pare pou lòt evènman ki ka rive.

Jere pwoblèm dezaz natirèl pote



RIBRIK SOLI SA MWEN DWE FÈ AK SA MWEN DWE EVITE NAN KA YON DEZAS.



Anvan katastròf la,

M ap koute radyo pou mwen ka jwenn bon jan enfòmasyon.

M ap koupe kouran.

M ap fè yon lis kit sekou kap gen ladan: manje, dlo pou bwè, gazolin, alimèt, medikaman, rad ak kilòt pwòp, papyè ijyenik.

M ap asire m ke flach mwen gen pil.

Pandan katastròf la,

Mwen pap deplase sof si otorite yo mande pou tout moun fè sa. Oubyen si mwen vrèman oblije fè sa akòz nivo dlo a.

Après katastròf la,

M ap trete tout dlo map bwè ak dlo map sèvi pou fè manje.

M ap kite lè rantre nan kay la epi map dezenfektel ak kloròks.





Jere pwoblèm dezas natirèl pote

NAN FEN SESYON AN, MWEN DWE KAPAB:

Di sa mwen santi e pataje l ak lòt moun.

Chèche konnen kèk fason mwen kapab ede kalme krent ak chagren mwen ak fanmi m ap andire nan moman detrès yo.

Egzèsis

1. M'ap di kèk bagay mwen dwe fè ak kèk lòt mwen dwe evite fè nan ka yon inondasyon:

2. M'ap di kèk bagay mwen dwe fè ak kèk lòt mwen dwe evite fè nan ka yon tranblemanntè.

3. M'ap di kèk bagay mwen kapab fè ak kèk lòt mwen dwe evite fè lè genyen yon siklòn.

BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adolescentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

Konesans finansye

Modil

7

Somè


Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Fè lajan.....	4
Sesyon 2 : Desizyon ki baze sou Nivo Mache a.....	7
Sesyon 3 : Ekonomi.....	9
Sesyon 4 : Jesyon lajan / bidjè.....	11
Sesyon 5 : Sèvis finansye.....	13

DE MO POU KOMANSE

Travay se yon pati enpòtan nan lavi a. An jeneral, travay vle di depanse enèji pou ou reyalize yon bagay. Ou ka travay lekòl, ou ka travay lakay, ou ka travay nan yon djòb.

Leson sa a chita sou travay ki ap bay lajan. Lè nou resevwa lajan pou travay nou fè, yo rele sa revni oubyen pou pi klè, revni ou touche, yon pwofesè gen yon revni pou leson li bay timoun, yon faktè gen yon revni pou lèt li distribye, yon doktè gen yon revni pou moun li trete. Yo tout resevwa lajan pou yon travay yo fè.

Nou kòmanse wè relasyon ki genyen ant edikasyon, travay ak lajan. Si ou ap panse sou mòd travay ou ta renmen fè, ou kapab fè koneksyon ant diferan kalite travay ki genyen ak konesans oubyen kapasite ou genyen. Ou konnen chak kalite travay mande yon seri konesans epi tout travay pa peye menm kantite lajan. Nou pral wè jodi a, divès mwayen nou chak ka fè lajan toudepann de kapasite nou oubyen konpetans nou, sa ki enterese nou ak eksperyans nou



NAN FEN MODIL SA A,
MWEN DWE AN MEZI
POU M :

- 1 Idantifye divès mwayen pou mwen fè lajan.
- 2 Konnen ki kalite ak ki konesans map bezwen pou sa.
- 3 Chwazi ki kalite travay yo ta renmen fè.
- 4 Konnen avantaj ak dezavantaj ki genyen ni nan travay pou lòt moun ni nan travay pou tèt mwen.

Fè lajan



Ou ka fè lajan 2 fason. Swa ou travay ak tèt ou, swa ou travay pou yon lòt moun. Nou tout pa kapab travay ak tèt nou. Nou tout pa kapab fè menm kalite travay paske nou chak gen kalite pa nou, nou chak gen konesans pa nou, eksperyans pa nou ak konpetans pa nou. Tou de kalite travay yo gen avantaj ak dezavantaj, nou dwe chwazi youn ki koresponn ak moun nou ye a epi ak kapasite nou genyen.

Fè lajan

Travay se yon pati enpòtan nan lavi a. An jeneral, travay vle di depanse enèji pou ou reyalize yon bagay. Ou ka travay lekòl, ou ka travay lakay, ou ka travay nan yon djòb. Leson sa a chita sou travay ki ap bay lajan. Lè nou resevwa lajan pou travay nou fè, yo rele sa revni oubyen pou pi klè, revni ou touche, yon pwofesè gen yon revni pou l eson li bay timoun, yon faktè gen yon revni pou lèt li distribiye, yon doktè gen yon revni pou moun li trete. Yo tout resevwa lajan pou yon travay yo fè.

Nou kòmanse wè relasyon ki genyen ant edikasyon, travay ak lajan. Si ou ap panse sou mòd travay ou ta renmen fè, ou kapab fè koneksyon ant diferan kalite travay ki genyen ak konesans oubyen

kapasite ou genyen. Ou konnen chak kalite travay mande yon seri konesans epi tout travay pa peye menm kantite lajan. Nou pral wè jodi a, divès mwayen nou chak ka fè lajan toudepann de kapasite nou oubyen konpetans nou, sa ki enterese nou ak eksperyans nou.



NAN FEN MODIL SA A MAP KAPAB :

Konprann ke nou tout pa kapab fè menm kalite travay paske nou chak gen kalite pa nou, nou chak gen konesans pa nou, eksperyans pa nou ak konpetans pa nou. Konsa map kapab dirije epi byen fikse objektif mwen yo

Fè lajan

Egzèsis

1. M'ap di ki mwayen moun nan kominote a itilize pou yo fè lajan?

.....

.....

2. Èske tout moun kapab travay pou tèt yo? Si wi, poukisa ? si non, poukisa ?

.....

.....

.....

3. Ki risk ki genyen nan zafè travay pou tèt ou?

.....

.....

4. Ki avantaj ki genyen lèw travay pou tèt ou ?

.....

.....

5. Poukisa travay enpòtan nan ekilib ou ?

.....

.....

**SA POU NOU KONNEN**

Ou ka fè lajan 2 fason. Swa ou travay ak tèt ou, swa ou travay pou yon lòt moun. Nou tout pa kapab travay ak tèt nou. Nou tout pa kapab fè menm kalite travay paske nou chak gen kalite pa nou, nou chak gen konesans pa nou, eksperyans pa nou ak konpetans pa nou. Tou de kalite travay yo gen avantaj ak dezavantaj, nou dwe chwazi youn ki koresponn ak moun nou ye a epi ak kapasite nou genyen.

Desizyon ki baze sou Nivo Mache a



MEZANMI !
MENM YON MOUCH
PA MACHANDE M AK
MACHANDIZ YO.
SA M PRAL FÈ AVÈK YO
MWEN ACHTE YO
BYEN CHÈ NAN
MEN DAM NAN.
ESKE MA AP
RANTRE KÒB
SA ?



SA POU NOU KONNEN :

Anpil fwa, jèn yo angaje tèt yo nan yon seri aktivite biznis san yo pa genyen bon jan enfòmasyon ki kapab ede yo fè bon chwa sou kèk bagay tankou pri pou vann pwodui yo oswa kote ki pi bon pou yo vann. Sesyon sa a ap ede medam yo eksplòre kesyon konpetisyon ak demand la, epi pran desizyon sou ki pri pou yo vann yon bagay pou yo kapab fè benefis. Pale ak fanmi yo, vwazen, ak zanmi yo sou sa yo gen bezwen, fristrasyon yo sou yon pwodui kouran oswa yon sèvis, oswa si manke nan aksè a pwodwi a oswa sèvis la (tankou bezwen nan vwayaj lwen pou jwenn li), manke varyete ladan yo (sèlman yon sèl kalite disponib), oswa si li koute chè. Kenbe je ak zòrèy louvri pou diskisyon nan anviwònman piblik konsènan bezwen ki pa satisfè yo.

Desizyon ki baze sou Nivo Mache a

Egzèsis

1. M ap site kèk bagay mwen dwe chèche konnen si mwen vle genyen pwòp biznis mwen

.....

.....

.....

.....



NAN FEN SESYON SA A, FÒK MWEN RIVE :

Konprann pwosesis pou m pran desizyon epi kòmanse yon biznis.
Bati konpetans antreprenaryal ki alabaz de tout reyisit.

Ekonomi



! SA POU NOU KONNEN :

Fè ekonomi se sere lajan pou ou itilize alavni. Se kapab tou bijou, zannimo, teren ou achte epi ou ka revann lè ou bezwen lajan - yo rele sa envestisman. Fè ekonomi enpòtan nan kesyon byen jere lajan. Moun fè ekonomi lè yo sere yon ti lajan nan sa ki rantre nan men yo, lè yo depanse mwens lè lajan rantre nan men yo epitou lè yo depanse mwens lè lajan ap sòti. Pou nou rive fè ekonomi, fòk nou fè diferans ant bezwen ak anvii oubyen sa nou swete. Fòk nou konnen tou pou ki rezon moun fè ekonomi.

Ekonomi

Men kèk rezon ki oblije nou fè ekonomi.

Pou nou ka reyalize objektif finansye nou yo, sa vle di objektif nou genyen ki mande kòb.

- ☒ Pou pran swen fanmi nou
- ☒ Pou nou ka pwofite kèk opòtinite, posiblite oubyen okazyon ki ka prezante alavni
- ☒ Pou nou ka jere ijans.

Egzèsis

1. Kòman mwen ka fè ekonomi ?

.....

.....

.....

.....

2. M ap chèche fè diferans ant bezwen ak anvì.

.....

.....

.....

.....

Jesyon lajan / bidjè



SA POU NOU KONNEN :

Yon bidjè se yon rezime sou revni ou (lajan ou rantre) epi sou kòman ou pral depanse lajan an pandan yon peryòd. Yon bidjè se yon zouti enpòtan pou yon moun aprann jere lajan. Se yon plan ki divize lajan ou genyen an ant kijan ou pral depanse li epi ak kijan ou ap ekonomize li pandan yon peryòd. Pou ou fè yon bidjè, ou bezwen konnen ki valè lajan ki pral rantre nan men ou epi kijan ou vle depanse li. Fè yon bidjè se òganize kòman ou depanse lajan ou. Yon bidjè se yon plan nou fè sou kòman nou ap depanse lajan ki rantre nan men nou pandan yon peryòd. Nou ka fè yon bidjè pou yon semèn oubyen pou yon mwa. Yon bidjè ap ede nou jere lajan nou pi byen. Lè nou fè yon bidjè, si nou rete kòb apre nou fin fè tout depans nou, nou ka di nou gen yon diplis (ekonomi). Si nou depanse plis pase kòb nou rantre a, nou gen yon defisi.

Jesyon lajan / bidjè



SA POU MWEN SONJE:

- ✓ Yon sipli oubyen yon diplis, se kantite lajan oubyen pwodui ki rete lè tout bezwen ou yo fi n satisfè.
- ✓ Yon defisi, se kantite lajan oubyen pwodui ou manke pou satisfè bezwen ou yo.


MEN YON TI MODÈL BIDJÈ

	Planifikasyon depanse semèn sa a	Lajan mwen depanse semèn sa a
LAJAN MWEN RANTRE (REVNI)		
Manje		
Telefòn		
Transpò		
TOTAL		

Sèvis finansye

MICRO CREDIT

Sa se rès ti monnen
mwen te rete sou
premye prè a.

**SA POU NOU KONNEN :**

Sèvis finansye se sèvis enstitisyon fòmèl ak enstitisyon enfòmèl ki okipe zafè bay moun ki gen bezwen lajan.

Sèvis finansye



Men pi gwo diferans ki genyen ant 2 enstitisyon sa yo:

Enstitisyon fòmèl la se gouvènman an ki fè lwa pou li epi ou peye ni pou yo kenbe lajan pou ou (sèvis epay) ni pou yo prete ou lajan (sèvis kredi),

Sèvis enfòmèl la plis chita sou konfyans ki genyen ant moun yo. Sere lajan nan yon enstitisyon fòmèl mande kèk règ, kèk egzijans men lajan an gen plis sekirite alòske sere lajan nan yon enstitisyon enfòmèl pi fasil men lajan an gen mwens sekirite.

Prete lajan itil nan ka ijans oubyen pou fè yon bon investisman tankou agrandi oubyen amelyore yon biznis.

Sous finansye. Yon moun ki bezwen yon gwo kantite lajan pou li ouvè yon biznis pa egzann kapab al prete **labank**. Si moun sa a te gentan gen yon bon ti ekonomi deja, li ka jis pran valè li bezwen an nan kòb li te mete sou kote a, nan **pwòp ekonomi pa li**.

Moun nan ka vann yon bèf, yon teren (defèt yon byen). Sonje nou te aprann deja nan sesyon 3 a **fè ekonomi se sere lajan pou ou itilize alavni**.



NAN FEN SESYON AN, MWEN DWE KAPAB:

Konprann diferans ki genyen ant enstitisyon fòmèl ak enstitisyon enfòmèl.

Diskite sou avantaj ak dezavantaj chak sèvis yo genyen.

Fè diferans ant lajan pa mwen ak lajan yo prete m.

Idantifye karakteristik lajan yon moun prete.

Sèvis finansye

Egzèsis

1. M ap di poukisa lajan prete pa menm ak lajan pa mwen.

.....

.....

.....

2. Poukisa mwen dwe remèt lajan mwen prete?

.....

.....

3. M ap mete (W) si se wi, epi (N) si se non.

Si mwen prete lajan nan men yon zanmi, èske mwen dwe remèt li l?	
Si m'ap prete lajan nan men yon zanmi, èske mwen kapab diskite sou kilè m'ap remèt li lajan an anvan mwen prete l.	
Lè ou prete lajan nan men yon enstitisyon finansye, tankou yon bank oubyen yon gwoup epay, èske ou ka decide kilè ou ap remèt kòb la?	
Èske sa koute ou kichòy pou ou prete lajan nan men yon enstitisyon finansye oubyen yon gwoup epay?	
Si ou prete yon lajan epi yon moun vòlè li, èske ou dwe toujou remèt kòb sa a?	

Sèvis finansye



RIBRIK SOU SA MWEN DWE KONNEN



Lè nou prete lajan nan men fanmi nou, li bon ni pou nou, ni pou fanmi nou an. Sa se avantaj yo.

Paran ou pa pran anpil risk lè li prete ou lajan paske li konnen ou, li fè ou konfyans, li pa gen ankenn dout ou ap remèt li kòb la, memsi li ta dwe repouse dat pou ou peye a.

Lè nou prete lajan nan men fanmi nou, pou nou fè yon biznis, gen dezavantaj tou yo ka ba ou presyon pou ou koute lide ak konsèy yo vle ba ou menm lè ou santi lide sa yo pa pibon pase sa ou vle fè a.

Epi pa bliye Lajan nou prete se pa lajan pa nou. Nou dwe mete nan tèt nou, fòk nou remèt lajan sa a menmsi se nan men yon zanmi oubyen yon fanmi nou prete li.

Nou dwe sonje tou fòk nou remèt lajan an alè ansanm ak enterè yo.

SA MWEN KONNEN

Menm si se Paran oubyen Zanmi ki prete w lajan, kèlkeswa kote ou fason ou prete lajan an, li gen avantaj ak dezavantaj



BANQUE MONDIALE
PROJET : Initiative pour les Adoléscentes
(AGI) en Haïti
Gid patisipan

Fòmasyon konpetans vi

Modil

8


Kisa andikap la ye?

Somè

Demo pou komanse	3
Sesyon 1 : Andikap pa enkapasite !.....	4
Sesyon 2 : Prejije ak pale mal sou andikap.....	7
Sesyon 3 : Faktè anviwonman yo.....	9
Sesyon 4 : Yon kominote ki aksepte tout moun ap komanse avè'w.	13
Sesyon 5 : Andikap kote n'ap travay	17
Sesyon 6 : Referans tout sèvis ki disponib pou moun ki gen andikap yo avèk fanmi yo.....	21

MODIL 8 : Kisa andikap la ye?

DE MO POLI KOMANSE





Andikap pa enkapasite !



SA POU NOU KONNEN

Pou anpil moun, andikap vle di defisyans. Men, se pa vre. Andikap la se yon bagay konplike, ki plen dimansyon ladan'l, ki vle di rapo oubyen echanj ant yon moun ak anviwonman'l.

Andikap pa enkapasite !

Chak moun gen kapasite pa'l ki diferan ak pa lòt moun, konteks l'ap viv la ka favorize developman yo ou byen kache yo.

Li enpotan pou rekonèt konteks la se yon faktè enpotan nan definisyon andikap la! Se pa tèlman sa yon moun pa ka fè men se jan sosyete ya detèmine kalite vi moun ki gen andikap la ki gen plis vale! Rekonesans enpotans baryè sosyal yo tounen pi gwo diferans ant ansyen jan la medsin te wè andikap la ak nouvo modèl biolojik ak sikososyal la, ki li menm te tabli ak Konvansyon ki gen pou wè ak dwa moun ki gen andikap yo, Nasyonzini te adopte nan lane 2006.

Daprè modèl medikal la, pwoblèm nan se nan moun ki pa ka mache a, oubyen wè, tandè, konsantre'l, sak pa ka tabli bon jan rapo ak lot moun yo etc. li ye.

Men, vizyon sa se bagay lontan. Kounye a, gras ak modèl biolojik ak -sikososyal la, yo rekonèt andikap la se pwodui echanj ant diferan bagay, pwoblèm lan pa nan kapasite moun nan men nan relasyon'l avèk faktè kontekstyèl yo (ki se anviwonman ak moun). Se poutèt sa, jodia yo konsidere andikap la tankou yon keksyon dwa moun.



Andikap pa enkapasite !

Tankou nou pral wè'l nan lot seksyon yo, kontèks la ka prezante plizyè kalte baryè ki yo menm bay anpil traka pou moun k'ap viv ap andikap yo.

Egzanp: pa gen eskalye, pa gen aksè nan machin ak batiman yo, move atitid lot moun yo, prejije, mank opotinite nan zafè edikasyon ak travay.

Andikap la se yon fenomèn varye ki pa konsène sèlman moun ki nan chèz woulant, moun ki pa we oubyen ki pa tande. Gen andikap ki vizib genyen ou p'ap janm wè. Ou ka byen vit wè chèz woulant yon moun men ou p'ap janm remake nan yon kout je yon moun ki deprime.


Menm jan, andikap la ka pèmanan (yon timoun paralize nan tèt depi nan vant) oubyen pou yon ti tan (yon fi ki gen bra'l oubyen janm li nan plak). Prèske tout moun, yon moman oubyen yon lòt nan lavi'l ka prezante pwoblèm sa pou yon ti tan ou pou tout tan.



KONVANSYON KI GEN POU WÈ AK DWA MOUN KI GEN ANDIKAP

Konvansyon sa ki make rekonesans andikap la tankou keksyon dwa moun te adopte nan dat 13 desanm 2006 nan sièj Oganizasyon Nasyonizini nan Nouyòk (ONU). Li chita sou 8 gran prensip: Respè dignite, libète chwa ak otonomi; zero diskriminasyon; patisipasyon ak entegrasyon tout bon vre nan sosyete a; respè pou diferans ak akseptasyon moun ki gen andikap kom moun ki fè pati divèsite nan mond la; egalite chans; aksesibilite; egalite ant fanm ak gason; respè devlopman talan timoun ki gen andikap yo, respè dwa tout timoun k'ap viv ak andikap pou pwoteje idantite yo. Jodia konvansyon an te ratifye pa 133 peyi. Depi 2009, Haïti se youn nan peyi ki adopte konvansyon sa.

Prejije ak pale mal sou andikap



SA POU NOU KONNEN :

Tankou nou te wè l nan premye sesyon an, faktè kontekstyèl yo jwe yon wòl enpòtan nan fòmasyon andikap la. Sitou, fòk nou fè atansyon ak faktè pèsonèl yo ki yo menm se rezilta konpòtman ak dispozisyon moun. Lonje dwèt oubyen pale mal sou moun ki gen andikap diminye patisipasyon yo nan sosyete a. Sa ka ajè mal sou travay yo ou ankò jan yo pral chache pran swen sante yo. Diskriminasyon ak prejije sa yo afekte tout moun ki gen andikap men sa pi rèd toujou pou moun fou yo ak tifi yo.

Prejije ak pale mal sou andikap

Men san pèdi tan kèk egzanp move lide sou zafè andikap:

- Andikap la se enkapsite. Moun ki gen andikap yo pa ka aprann nòmalman nitou yo pa ka travay. Manti! Moun ki gen andikap yo ka reyisi nan nenpòt sektè si yo rive jwenn edikasyon epi tou si konteks la favorab epi aksepte yo. Anpil moun ki gen andikap se gwo profèsyonèl moun konnen yo ye, ki fò nan travay y'ap fè, genyen lòt ki se gran atlèt. Nan sa ki gen pou wè ak edikasyon, tout moun ka aprann sèlman se pou zouti yo oubyen jan ansèyman an ap bay la ka adapte pou moun ki gen andikap yo. Chak moun gen fason pa'l pou'l aprann. Epitou, gras ak konvansyon an, aksè tout moun k'ap viv ak andikap pou jwenn edikasyon, travay, sèvis sante, posibilite pou yo mennen yon lavi endepandan se yon dwa ke peyi ki signen'l yo rekonèt.

- Moun ki gen andikap yo pap janm fè afè.

Manti! Moun sa yo renmen, yo konn fè bagay menm jan ak tout moun. Gen danje nan lide sa a paske sa ka fè yo mete sou kote moun avek andikap yo nan program sou edikasyon seksyèl ak repwodiktif pandan tout moun dwe jwenn bon jan enfòmasyon sou maladi sida/VIH oubyen sou kijan pou yo pwoteje tèt yo, viv relasyon yo an sekirite.

- Moun ki gen andikap yo pap janm gen fanmi oubyen pitit pa yo.

Manti! O kontrè, moun andikape yo ka marye, yo ka gen pitit, yo menm an mezi pou okipe fanmi yo san pwoblèm. Move pawòl sa ka gen anpil konsekans grav sitou sou tifi ak fanm ki gen andikap, tankou fè yo fè operasyon pou yo pa janm ka fè pitit. Sa se yon gwo vyolasyon dwa moun ki malerezman kontinye ap fèt nan anpil peyi nan mond la.

- Timoun ki gen andikap se pinisyon fanmi an pou peche yo te fè lontan oubyen se akòz peche manman an.

Manti! Andikap la fè pati la nati, se yon bagay ki gen anpil koz tankou malfòmasyon depi nan vant, maladi (kòm polyo, lèp, dyabèt), aksidan machin, malnitrisyon, mank dyjyèn, gwo katastròf tankou lagè ou ankò dezast natirèl. Kidonk, Timoun ki gen andikap yo pa reprezante yon wont pou fanmi an, se poutèt sa yo pa dwe sere timoun sa yo. O kontrè, yo dwe patisipe nan tout aktivite nan sosyete ya menm jan ak tout lòt timoun.

- Moun ki gen andikap yo se yon chaj yo ye pou fanmi yo.

Manti! Tankou nou te deja di'l, moun ki gen andikap yo kapab kenbe travay yo nòmalman, menm kreye pwòp travay pa yo. Se vre, pafwa selon andikap la yo ka bezwen asistans lòt moun oubyen itilize ekipman espesyal. Men sa pa vle di, ditou, yo pa pwodiktif. Nan yon sosyete ki aksepte tout kalte moun, gen anpil bagay, ekipman ki disponib pou ede moun k'ap viv ak yon andikap mennen yon lavi endepandan.

Faktè anviwonman yo



SA POU NOU KONNEN :


Faktè anviwonman yo jwe yon wòl enpòtan anpil nan lavi moun ak andikap. Yo ka rann pi fasil entegrasyon yo nan sosyete a oubyen konplike lavi yo chak jou pi plis. Gen anpil jan anviwonman an ka kreye obstak pou yon moun k'ap viv avek yon andikap. Sa ki pi fasil nou ka imajine se prezans eskalye devan yon moun ki sou yon chèz woulant. Poutan, yon anviwonman ki pa gen aksè, baryè yo anpil anpil toujou.



Faktè anviwonman yo

Gran kay ki pa gen aksè yo, sa vle di ki te bati san panse ak bezwen tout moun, ka mete anpil baryè pou moun k'ap viv ak andikap. Pa egzanp, si pa gen ranp pou moun sa yo rantre nan kay sa yo, oubyen pòt ki byen laj, twalèt ak gidon epi ban pou yo chita, san konte asansè si kay la gen etaj, tout sa redwi mouvman ak endepandans moun ki sou chèz woulant oubyen bay anpil pwoblèm pou ti granmoun yo.

Nivo nwizans yon anviwonman kote moun la pou etidye oubyen travay ka yon gwo baryè. Pa egzanp, si gen anpil bri yon kote, sa ka rann difisil patisipasyon moun k'ap viv ak otis yo : Yon kote pou moun travay epi ki gen anpil bri pa aksesib pou tout moun.



Faktè anviwonman yo

Wout pou mennen nan lekòl oubyen nan travay ka tounen yon sous pwoblèm tou. Absans twotwa ki gen bafon, bòdi ki bese pou pèmèt moun sou chèz woulant yo monte desann san pwonou pasaj pyeton avek siy vizyèl ak akoustik pou ede mouyo travèse lari ya an sekirite, rann depласman moun ak andikap yo pi difisil.

Ta dwe genyen wout ki gen kote moun ka manyen pou fasilite depласman moun ki pa wè yo epitou fè yo santi lè yo ap proche yon zòn ki ka gen danje- *pa egzanp bo kote wout tren*.

Gidon yo itil tou pou sa epi yo fasil pou realize! Menm jan an, nan bis yo, tout chèz devan yo ta dwe rezève pou moun ak andikap chita - sa ka reyalize san pwoblèm: annik mete yon siy!

Pafwa pou nou ale travay, oubyen lekòl, pou nou ale rankontre zanmi nou, nou bezwen itilize transpò piblik yo tankou bis yo. Pou yo ka aksesib ak tout moun, yo dwe genyen pa egzanp elevatè oubyen ranp pou pèmèt moun ki sou chèz woulant yo monte ladan yo, yo dwe genyen tou kèk siy sonò pou moun ki moun ki pa we yo jwenn pòt ki bon an.



Ka nan lavi a: Edike moun yo sou zafè aksesibilite

Dorothy se yon tifi sou chèz woulant ki rete Bangalore, nan peyi End. Yon jou, li te gen yon randevou nan biwo ministè ki okipe de bagay sa yo, lè li rive, li konstate batiman avek tout biwo ki ladan li yo pa genyen ranp. Pi plis, rantrè imèb la trò piti pou li pase ak chèz la. Li di mesye ki ap fè sekirite yo sa, epi li ensiste pou yo ede li rantrè pou li te ka pa pèdi randevou a. Apre sa, Dorothy voye yon pakèt mesaj sou entènèt pou eksplike tout moun sa ki te pase a. Bagay sa mete yon sèl presyon sou gouvènman an pou li te pote chanjman ki nesesè.

Sous: Hesperian Foundation. 2007. « A Health Handbook for Women with Disabilities »

Faktè anviwonman yo



Ka nan lavi a :

Kazol Rekha se yon fi ki rete nan distri Gaibandha nan peyi Bangladesh. Li sou chèz woulant depi'l te fin fè yon aksidan ki paralize'l. Malgre andikap la, Kazol rete trè aktif nan kominote a. Li se prezidan komite sikonskripsyon pou prevansyon dezaz, li kontan anpil wòl sa a.

« Anvan komite sa – Li di- nou te vilnerab anpil. Lè rejyon an te afekte pa yon inondasyon, pa't gen pèsonn ki te okipe yo moun ak andikap. Yo te neglijè nou nèt, lèfini nou p at ka fè anyen paske se toujou nan kouri tout moun ye lè gen ijans. Men kounye a, nou monte lis tout moun ki gen andikap nan rejyon an. Kidonk, nou konnen ki kote moun ak andikap yo ap viv, nan fason sa nou kapab pran mezi byen vit pou evakye yo. »

Sous: *End the cycle.org*

Egzèsis:

a) Gade bò kote ou. Eske gen eleman ki ka reprezante baryè pou moun ki gen andikap?

.....

b) Panse kounye a a kote ou ap travay la/ etidye a.

.....

c) Panse a dènye fwa ou te ale kay doktè, repete menm egzèsis la.

.....

d) Kijan zanmi ou yo ka ede ou simonte baryè sa yo ? /Kijan ou ka ede yon moun ki gen andikap simonte baryè sa yo ? Ekri plizyè egzanp.

.....

.....

.....

Yon kominote ki aksepte tout moun ap komanse avè w.



SA POU NOU KONNEN

Enklizyon moun andikape yo depann de plizyè faktè, tankou jan nou te wè l, atitud moun ki antoure nou. Tout moun gen yon wòl pou l jwe pou amelyore kominote li ak fasilite patisipasyon tout moun k ap viv ak andikap yo ! Anplis, kòm la plipa de vil ak vilaj nan mond la pa aksesib epi prezante baryè pou moun ki gen andikap yo, soutyen zanmi ak kominote a vin patikilièman enpòtan. Pa egzanp, kote ki pa gen transpò piblik oswa yo pa aksesib, li bon, si ou gen machin, pou ofri woulib a yon moun ki sou chèz woulant oubyen beki.

Yon kominote ki aksepte tout moun ap komanse avè w.

Premye bagay chak moun ka fè se chanje mantalite'l epi debarase'l de tout prejije li ka genyen anvè moun ki gen andikap. **NB** : Menm moun ki gen andikap ka gen prejije anvè lòt moun ki gen yon andikap diferan de pa'l la. Pa egzanp, yon moun ki sou beki oswa ki paka mache ka panse li miyò pase yon moun fou.

Byen konnen andikap la se meyè fason pou lite kont Prejije yo ak estigmatizasyon an se resilta ignorans. Meyè manyè pou aprann pi plis sou andikap la se konnen ak tabli bon rapò avek moun ki gen andikap yo. Menm jan, li enpòtan pou fè atansyon ak sa w'ap di ! Toujou adopte yon langaj pozitif se yon faktè enpòtan anpil pou kreye yon milye ki aksepte tout moun.

Nan sans sa a, fò'w evite itilize mo ki pa apropiye, mo ki favorize yon vizyon negatif sou andikap la. Menm jan, se vrèman pa korèk pou lè'w ap adrese'w ak moun ki pa gen andikap yo pou'w di "Moun nòmal yo" : Tout moun diferan, andikap la fè pati de bagay "nòmal". Se pou sa tou, ou dwe evite adrese w a yon moun ki gen andikap kòmsi ou t ap pale ak yon timoun, epi fò w toujou pale direktman ak moun nan men pa ak asistan li, s'il gen yon asistan. Pa adopte atitud patènalis avèk li. Se pa nesesè pou ap kouve'l ! Moun ki gen andikap yo se moun ki gen anpil resous yo ye ! Yon egzanp : Pa janm pran desizyon nan plas yon moun ki gen andikap akòz andikap li ya. Men, se pa vrèman yon pwoblèm si ou itilize ekspresyon tankou "ou wè sa ki rive" menm si sa ta sanble gen rapò avèk andikap moun w'ap pale avè'l la.

Menm jan, li bon pou ofri èd ou bay yon moun ki gen andikap, men se pou'w mande l avan w aji. Tann li ba'w enstriksyon epi pa pè mande'l plis detay si'w bezwen. Menm jan, si ou se yon moun ak andikap, se pou ou pa pè bay eksplikasyon oswa mande èd lè ou bezwen





Yon kominote ki aksepte tout moun ap komanse avè w.

Sa kapab asistans, oswa èd teknik, oubyen yon kote pou travay ki gen mwens bri... Ofri ak mande asistans, lè gen bezwen, patikilièman enpòtan nan ka dijans. Lè gen yon ijans e menm aprè ijans la, gwo konfizyon sa kreye ya ka mete plis obstak toujou pou moun ak andikap yo. Nan ka sa a, li patikilièman enpòtan pou ofri asistans ou. Pa egzanp, debri nan lari yo ka anpeche moun ki pa wè yo jwenn wout yo oubyen difisil pou moun ki sou chèz woulant yo. Kidonk, li bon pou ofri asistans ou bay moun ki gen andikap bò kote'w, pa egzanp, pou yo ka benefisye èd ak manje k'ap distribiye. Epi, li bon tou pou asire ke tout moun ki gen andikap sansoryèl yo jwenn enfòmasyon enpòtan ki difize. Pa egzanp, yon moun soud ap gen difikilte pou'l konnen ki kote èd yo ye si anons yo fèt sèlman nan radyo. Menm bagay la pou avèg yo k'ap nan pwoblèm si enfòmasyon yo bay sèlman sou afich.

Se pou'w prepare lè gen dezaz : Se pou'w kreye rezo sipò pa'w. Kapab konte sou yon rezo sipò enpòtan anpil pou tout moun, men li patikilièman enpòtan pou moun ki gen andikap yo ak granmoun yo.

Men kèk mach a suiv pou ka kreye rezo sipò pa'w:

- a) *Drese yon lis moun ki ta ka fè pati de rezo'w la. Mete ladan'l moun nan fanmi'w, nan travay ou, nan lekòl ou avek moun tout kote ou pase anpil tan. Li ta bon tou si'w mete moun ki rete nan yon vil oswa yon depatman diferan avè'w.*
- b) *Diskite avek moun ki nan rezo w yo pou konnen ki plan n'ap pran ensanm anka dijans. Pran enfòmasyon sou malè ki ka frappe kominote ya e gade ki sa ou bezwen pou viv chaq jou. Kòman malè sa a ka afekte yo ? Gade lòt poin sa yo tou : Eske 'm bezwen èd pou'm sòti e pou'm jwennabri? Kiabri ki pi prè ?*
- c) *Diskite tou pou mete sou pye yon plan kominikasyon. Sonje ke nan anpil ka, aprè katastròf natirèl telefòn pòtab yo pa mache. Antann ou ak moun ki nan rezo'w yo sou ki lòt jan nou ka kominike oswa ki kote n'ap pran randevou.*
- d) *Prepare kit dijans ou. Sonje mete nan kit la yon lis kontak dijans, kopi dokiman ki enpòtan yo, kopi kle kay la, yon flach oswa balèn ak alimèt epi lòt resous tankou manje, dlo, medikaman ak èd teknik ki enpòtan...*
- e) *Kenbe bon kominikasyon avèk rezo'w. Pale avèk moun ki gen pou voyaje avè'w yo, pale de bezwen'w epi tou tande egzijans lòt moun yo.*

Sous: National Organization on Disability. « Prepare Yourself: Disaster Readiness Tips for People with Disabilities »

Yon kominote ki aksepte tout moun ap komanse avè w.

Egzèsis:

Pran kèk minit pou kòmanse prepare plan pou rezo sipò pa'w la. Kiyès w'ap mete nan rezo pa'w la?

.....

.....

.....


Kisa w'ap mete nan kit dijans ou an ?

.....

.....



Andikap kote n'ap travay



SA POU NOU KONNEN :

Andikap pa vle di entatad. Moun ki gen andikap yo gen anpil talan, se dwa yo pou yo devlope yo epi aplike yo nan mond travay la. Yo rekonèt dwa sa a nan nivo entènasyonal gras a atik 27 konvansyon Nasyonzi ki gen pou wè ak dwa moun andikape yo, li entèdi tout kalite diskriminasyon anyè andikap la, epi li angaje peyi ki signen yo fè pwomosyon posibilite travay ak aktivite endepandan pou tout moun k'ap viv ak andikap.



Andikap kote n'ap travay

Nòmalmann, moun ki gen andikap yo rankontre plis obstak lè y'ap chache travay ke sa ki pa genyen andikap yo. Toutfwa, sa pa rive akòz andikap la men pito akòz lòt faktè kontekstyèl yo, pami yo nou jwenn mank aksesibilite nan kote ki gen travay yo, epi tou manke machin ki aksesib epi disponib pou mennen yo kote yo pral travay la. Menmjan tou, difikilte moun k'ap viv ak andikap yo pou jwenn travay gen pou wè avèk opòtinite ki manke nan domèn edikasyon oubyen nan aprann metye. Yon lòt bagay anko, atitid negatif patwon yo se yon obstak ki enpòtan anpil. Patwon yo anpil fwa gen prejije anvè moun ki gen andikap yo, pi patikilyèman anvè moun tèt pa dwat yo. Men, nan anpil ka, lide sa yo ak konpòtman diskriminatwa sa yo se konsekans absans enfòmasyon. Yo pa konnen kòman yo ka rann milye travay yo pi aksesib e amenaje yo pou fasilite pwodikтивite moun ki gen andikap. Sa fè ke yo pa okouran de benefis biznis yo a te ka tire si yo te employe moun ki gen andikap yo.





Andikap kote n'ap travay

Nan anpil ka, antrepriz ki te deja anboche yon moun ki gen andikap gen plis chans pou anboche yon lòt. Wi, antrepriz ki konte moun ki gen andikap pami travayè yo, se yo menm an premye ki ap vante tout avantaj ki genyen lè yo bayo travay.

Moun ki gen andikap yo pote anpil bon bagay pou antrepriz yo. Yo pèdi mwens jou travay, yo chanje travay mwen souvan avèk yon gran nivo pwodiktivite. Sa vle di, yo trè bon travayè ! Anplis, lajan sa koute pou amenaje espas apropriye pou yo jeneralman pa anpil.

An 2012, gouvènman peyi dayiti apwouve yon lwa tou nèf ki genyen anpil dispozisyon sou zafè travay moun ki gen andikap yo. Lwa a entèdi tout kalite diskriminasyon anvè moun ki gen andikap e deklare tou ke moun k'ap viv ak andikap sa yo ka reprezante o mwens 2% pami pèsonèl antrepriz ki gen plis ke 20 moun. Daprè menm lwa sa a, anplwayè yo gen obligasyon fè amenajman ki nesèsè pou yo ka favorize travay moun ki gen andikap yo. Men, li pwobab ke souvan moun avèk andikap yo travay kote ki pa totalman aksesib. Nan ka sa a, li bon pou pale avèk anplwayè ya pou w eksplike'l bezwen w. Souvan, anplwayè yo gen bon volonte men malerezman pa gen enfòmasyon sou andikap ak aksesibilite. Eksplike'l avèk pasyans amenajman ou gen bezwen an. Eksplike'l kijan pwodiktivite w t'ap ogmante si ou te yon kote ki pèmèt ou itilize san manke tout kapasite w ! Anplwaye antrepriz yo tou gen yon wòl pou yo jwe nan kreyasyon yon anvironman travay aksesib. Yon atitid pozitif kote pa yo anvè kòlèg yo ki gen yon andikap epi tou entegrasyon yo nan reinyon y'ap fè ak lòt aktivite enfòmèl enpòtan anpil pou kreye yon espas travay agreab. Pa egzanp, si y'ap òganize yon fèt ant kòlèg, se pou yo envite kòlèg ki gen andikap yo tou epi panse a fè li yon kote ki aksesib pou tout moun.



Ka nan lavi a

Fanm ki gen andikap yo ka devlope anpil konpetans Hong Ha se yon tifi ki rete Laos. Li te fè maladi polyo lè li te gen de zan. Avèk soutyen fanmi'l li rive rantr nan inivèsite e soti ak yon diplòm nan lang franse. Kòm li pa janm rive jwenn travay, li aprann kouti, lè'l fini li ouvri yon ti atelye kouti nan kay la. Pandan tan sa a tou, li kòmanse etidye anglè. Aprè, avèk yon zanmi'l, Hong Ha ouvri yon ti sant fòmasyon anglè toujou nan kay la. Anplis de tout sa, li se koòdinatris yon pwogram sou handikap.

Sous: Hesperian Foundation. 2007. « A Health Handbook for Women with Disabilities »



Andikap kote n'ap travay



Ka nan lavi a: Fanm ki gen andikap yo ka devlope anpil konpetans

Susan se yon fanm 34 lane. Mari'l te mouri, li gen de pitit epi li soud. L'ap jere yon sant apèl telefòn epi l'ap vann selilè nan sibèkafe li a tou nan Lousaka, nan peyi Zambè. Li te kòmanse ti biznis li ya sa gen quinz lane, tou sa pou li te ka patisipe nan depans fanmi yan epi pou li ka ekonomikman endepandan de mari'l. Jodia, Susan se yon manm tout moun respekte nan kominote ya e li se yon modèl pou moun ki anvi fè entrepriz pa yo. Susan di kounye a kominote ya depann de sèvis li yo. Li rakonte tou kijan tout moun te sezi lè yo wè kijan yon moun ki pa tande, byen reisi nan fè biznis.

Sous: ILO. 2008. « Count us in! »

Egzèsis:

Kisa'm ka fè pou amelyore anbyans kote m'ap travay la pou rann li pi enklizif?

Fè lis twa/kat aksyon ou ta ka antreprann epi diskite sou yo avèk gwoup la.

> Referans tout sèvis ki disponib pou moun
ki gen andikap yo avèk fanmi yo.



SA POU NOU KONNEN :

Souvan moun ki gen andikap yo oswa fanmi yo pa gen enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan kominote pa yo ak lot ki prè yo. Ignorans resous disponib yo se pafwa premye koz ki anpeche itilizasyon yo.

Konnen resous ki disponib enpotan anpil pou pi byen jere andikap la oswa pou soutni paran oubyen zanmi nou ki gen andikap.

Referans tout sèvis ki disponib pou moun ki gen andikap yo avèk fanmi yo.

Oganizasyon k'ap okipe yo de keksyon andikap nan rejyon potoprens:

- ✓ **Asosiyasyon Paran Moun Andikape Defisyan Entèlèktyèl (APMADEN)**
Domèn entèkansyon: Sante, Edikasyon, Dwa, Sosyal
Telefòn: (509) 3493-2832, 3493-2822, 3688-5995
- ✓ **Association Arche Haiti**
Domèn entèkansyon: Fwaye Andikape Kominotè
Telefòn: (509) 3445-1227, 3739-0212
- ✓ **Association des Handicapés de Carrefour (ASHCA)**
Domèn entèkansyon: Edikasyon
Telefòn: (509) 3798-7957, 3822-8225
- ✓ **Association des Handicapés de Port-au-Prince (ASSODHAP)**
Domèn entèkansyon: Sante ak nitrisyon
Telefòn: (509) 3456-5801, 3400-7801
- ✓ **Association des Handicapés en Mouvement (ASHAMO)**
Domèn entèkansyon: Socio-culturel, Espo, Nitrisyon, Fomasyon ak ankadreman
Telefòn: (509) 3753-6247, 3883-5884
- ✓ **Association des Personnes Handicapées de Pétiyon Vil (APHAP)**
Domèn entèkansyon: Sante, Edikasyon
Telefòn: (509) 3649-7442 / 3418-7389
- ✓ **Association Filles et Femmes au Soleil (AFAS)**
Domèn entèkansyon: Edikasyon, fomasyon, aktivite siko-sosyal ak sosyokiltirèl
Telefòn: (509) 3742-2088, 3610-8768, 3729-7235
- ✓ **Association Foyer d'Amour d'Haïti (AFAH)**
Domèn entèkansyon: Lekol espesyal pou retade entèlèktyèl
Telefòn: (509) 3472-4065
- ✓ **Association Haïtienne Football Amputé (AHFA)**
Domèn entèkansyon: Espo / Foutbol anpite
Telefòn: (509) 3696-2153
- ✓ **Association pour la Réhabilitation des Jeunes Handicapés et des Vieillards de la Commune de Cité Soleil (AREJEHAVICCS)**
Domèn entèkansyon: Edikasyon, Espò, Aktivite kiltirèl
Telefòn: (509) 3566-4150, 3411-1217

Oganizasyon Non-gouvènmantal ki prezan an Ayiti k'ap okipe yo de andikap:

- ✓ **Handicap International**
Domèn entèkansyon: Reabilitasyon
Adrès : 12, rue Boucet, Delmas 83
- ✓ **CBM – Christian Blind Mission**
Domèn entèkansyon: Sante, Reabilitasyon, edikasyon

INITIATIVE POUR LES ADOLESCENTES (AGI) EN HAÏTI

Modil patisipan

